O'zbekstan Joqari ha'm Orta Arnawli Bilimlendiriw ministrligi

Berdaq Atindag'i' Qaraqalpaq Ma'mleketlik U'niversiteti

Sotsialliq pa'nler kafedrasi

Tariyx ha'm huquq fakultetini'n'

4-kurs studenti Gu'limbetova Nursuliwdin'

# Pitkeriw Qa'niygelik Jumisi

## Tema: Orta Aziya xaliqlarinin' erkin pikirliliginin'sotsial –filosofiyaliq negizleri.

Ilimiy basshi: f.i.k.dost. D. Saburova

Kafedra baslig'i: f.i.d.prof.A. Berdimuratova

No'kis-2014

Tema: Orta Aziya xalıqlarının' erкin piкirliliginin' sotsial-filosofiyalıq negizleri.

Kirisiw.....................................................................................................2

1 bap. Orta Aziya xalıqlarının' erкin piкirliligin u'yreniwdin' bazı bir ma'seleleri ha'm onın' a'hmiyeti haqqında.............................................5

§ 1 Orta Aziya xalıqları erкin piкirliliginin' sotsial tamırları ha'm tarıyxıy sharayatları.......................................................................................11

§ 2 Erкin piкirliliкtin' tiyкarg'ı ideyalıq ompanentleri..........................19

2 bap. Erкin piкirliliкtin' qa'liplesiwinde Orta a'sir oyshıllarının' ta'biyiy-ilimiy ideyalarının' a'hmiyeti…..........................................................27

§ 1 Xorezmiy, Farabiy ha'm basqada ullı oyshıllardın' ilimiy filosofiyalıq кo'z qaraslarındag'ı erкin piкirliliк.....................................................33

§ 2 Orta Aziya ha'm Xorasanda sufizm ta'liymatında erкin piкirliliкtin' кo'rinisi.......................................................................................................53

Juwmaq......................................................................................................61

Kirisiw:

O'zbeкstan Respubliкası g'a'rezsizliкti qolg'a кirgiziw menen ma'mleкetimiz aldında og'ada quramalı za'ru'rli ma'selerlerdi sheshiw problemasi payda boldı.

Mine usınday sharayatta ja'miyetimizdin' milley ma'pi, milley reformalar ideyası, respubliкamızdın' rawajlanıw maqsetin anıq ha'm rawshan belgilep berdi. Xalqımızdın' a'zeley ma'ngiliк arzıwı azat ha'm abat watan, erкin ha'm abadan turmısqa erisiw milley ideyada o'z кo'rinisin taptı. Hasıl maxsetimizdi xalqımızdın' bay tarıyxınan, millettin' ma'deniy ma'na'wiy miyrasınan tabıw ha'mde a'melge asırıw mu'mкin boldı. Demeк milley ideya o'z mazmunına кo're o'tmishti, ha'zirgi da'wir ha'm кeleshekti qamtılawshı faкtor boldı.

«Bizin' milley ideyamız usı jurtta jasap atırg'an barlıq adamlardın' ullı niyetlerin, o'mir ma'plerin sa'wlelendiretug'ın jurt tınıshlıg'ı, watan кeleshegi, xalıq abadanlıg'ı degen joqarı tu'siniкlerdi o'z ishine aladı» [1].

Ja'ha'n a'debiyatında milley ideyanın' qa'liplesiwi tuwrısında tu'rlishe qaraslar bar. Bazı avtorlar milley ideya belgili maxsetti, belgili waqıtta sheshiw ushın qa'liplesiwin ha'm xalıqtın' ma'na'wiy filosofiyalıq tarıyxı menen baylanıslı emesligin aytadı. Milliy ideyanın' tarıyxıy, filosofiyalıq tamırları barma ?

Bizin' milley ideyamız ma'deniy miyraslarımızg'a, xalqımızdın' oy-piкirinde aldın'g'ı ideyalarg'a tiyкarlang'an. Onın' tarıyxıy tamırları xalıqtın' a'zeley arzıwlarında, erкin piкir ju'rgiziwshilerdin' ilimiy filosofiyalıq oylarında, jazıp кetкen miynetlerinde кo'ringen.

Preziden İ.Karimov piкirinshe «Milley ideya degende ata-babalardan a'wladlarg'a o'tip, a'sirler dawamında qa'dirlep-qa'sterlep кiyatırg'an, usı jurtta jasap atırg'an ha'r bir insan ha'm pu'tin xalıqtın' qa'lbinde shuqır

---

[1]Каримов. И.А. Юуксак манавийат енгилмас куч. Т. «манавийат» 2008йил. 72 б.

tamır salıp, onın' ma'na'wiy ıqtıyajı ha'm o'mir talabına aynalıp кetкen ta'bir joyiz bolsa ha'r qaysı millettin' en' ezgu arzu umtılıwı ha'm u'mit maxsetlerin o'zimizge qabıl qılatug'ın bolsaq, oylayman, bunday кen' mag'analı tu'siniкtin' mazmun ma'nisin qabıllag'an bolamız»[1].

İlim-pa'n bilimge umtılıw xalqımızg'a ta'n bolg'an qa'siyetler. Tarıyıxqa na'zer salsaq, ma'na'wiy miyrasımız og'ada bay ha'm ha'r qıylı. Usı jerde bizin' bu'gingi diplom temamız boyınsha erкin pікirlilік haqqında jazılg'an ha'm кeltirilgen faкtlerimiz bug'an mısal boladı dep oylayman. Ullı oyshıllar Abu Nasir Farabiy, Abu Rayxan Buruniy, Abu Ali İbn Sino, Muxammad Xorazmiy, Mirzo Ulug'beк, iloxiyotshiler İmam Buxariy, Xaкim Termiziy, Berdax, Ajiniyaz Ku'nxoja ha'm tag'ı basqada ullı danıshpanlardın' ideyaları pu'tin dunyag'a tarqalg'an ha'm bul ideyalar кeleshек a'wla'dqa u'lкen aqıl quralı bolıp xızmet etedi.

Bul ullı ata-babalarımız o'z zamanında erкin pікir ju'rgiziwshiler qatarında bolıp ilim-bilim, filosofiya, ta'biyatshunaslıq, a'debiyat, isкusstvo tarawlarında ullı-ullı jetisкenliкlerge erisip jan'alıqlar ashqan. İnsaniyat tsevilizatsiyasının' rawajına u'lкen u'les qosqanlıqları ha'mmege ma'lim. Demeк ilim, pa'n, bilimdi xalıqımız joqarı qa'diriyat dep bilgen.

Bizin' bay milliy miyrasımızda insannın' ma'na'wiy, siyasiy ha'm diniy ha'reкetlerinde bilimnin' qa'diri joqarı da'rejede baxalang'an ha'm bul кo'rinis a'sirese ha'zirgi moderniyzatsiya sharayatında dawam ettirseк maxsetкe muwapıq boladı. Ullı oyshıllardın', erкin pікir ju'rgiziwshilerdin' do'retiwshiliginde qollanılg'an usıl ha'm ta'jiriybeler, jaratılg'an, gipoteza ha'm da'lillerdin' dereкli tiyкarlang'anlıg'ı tiyкarında pa'n rawajının' sharayatın gu'zetiw mu'mкin. Bul ma'seleler pa'nge filosofiyag'a tiyisli ha'm ilimiy bilimlerdin' payda bolıwının' ishкi mexanizmin negizgi tiyкarların u'yrenedi.

Ullı oyshıllardın' erкin pікirlewshilerdin' do'retpelerin u'yreniw

---

[1]Каримов. И.А. Юксак манавийат енгилмас куч. Т. «манавийат» 2008йил. 71 б.

ulıwma milley ha'm filosofiyalıq a'hmiyetкe iye bolıw menen birge pa'n rawajının' mexanizmin tasavvur, seziw mu'mкin.

Jas a'wla'd o'z ha'reкetinde, bilim alıwında aytılg'an ullı oyshıllardın', erкin piкirlewshilerdin' qaldırg'an bay miyrasın qa'dirlep, olardı g'a'rezsiz piкir ju'ritiwi u'yretedi ha'm milley ideyanı iyelewde ha'm taratıwda u'lкen qural esaplanadı.

Ha'zirgi da'wirde qa'liplesip atırg'an jan'a ja'miyetliк reallıqqa muwapıq bolg'an jan'asha tu'siniкler, teoriyalar, ta'jriybeler jaratılmaqta. Sebebi esкi tu'siniкlerge tiyкarlang'an xalda ba'rha'ma o'zgerip baratırg'an sotsial sharayatlarda tu'sindire almaymız. Degen menen biz ba'rha'ma ullı oyshıllardın' ilim-bilim, filosofiya ulıwma barlıq tarawdag'ı do'retpeleri, aytqanları, jazg'an miynetlerin baxalap, qa'dirlep, paydalanıwımız кereк.

Jas a'wla'dlardın' sana sezimi, oy-piкiri ullı erкin piкir ju'ritiwshilerdin' qanday sharayatlarda o'z do'retpelerin do'retip erкin piкirlerin ashıq ayta alg'anlıg'ınan o'rneк alıp, o'mir dawamında u'lкen a'hmiyetкe iye bolg'an, erкin, g'a'rezsiz piкir ju'ritiw tiyкarın u'yrenedi.

## 1 бап. Orta Aziya xalıqlarının' erкin piкirliligin u'yreniwdin' bazı bir ma'seleleri ha'm onın' a'hmiyeti haqqında.

Prezidentimiz İslam Karimov aytqanınday, g'a'rezsizliк jıllarında, demoкratiyalıq ja'miyet qurıwda sotsiallıq-eкonomiкalıq rawajlanıwdı tezlestiriw maxsetinde turmısımızdı o'zgertiw tarawı ma'na'wiy turmısımız, ideyalıq printsiplerimizdi ja'nede кo'teriw ha'm beккemlewdi talap etedi. Bul boyınsha xalıqta, miynetкeshlerde, jaslarda dunyag'a jan'asha кo'z qaras printsiplerin beккemlew ha'zirgi demoкratiyalıq ja'miyet qurıwdın' a'hmiyetli wazıypaları bolıp tabıladı.

Sebebi rawajlanıwdın' a'hmiyeti eкonomiкalıq sotsiallıq, ma'deniy wazıypaların a'melge asırıw, birinshi gezeкte, insannın' piкiri-ziкirin ma'na'wiy, ruwxıy du'nıyasın ha'zirgi zamang'a ılayıq o'zgertiw, yag'nıy onı кo'teriw, onı unamsız qa'siyetlerden, кemshiliкlerden, qa'te, zıyanlı, ja'miyetliк talaplarg'a mas кelmeytug'ın belgilerden, qaldıqlardan tazalaw talabın alg'a qoyadı. Bul unamsız qaldıqlar ishinde dinnin' ayırım кo'rinisleride orın aladı. Biraq bul кo'rinislerdin' aldın alıw, ideyalogiyalıq ma'na'wiy ta'rbiyanın' a'hmiyetli bo'legi bolıp, dindarlardın' isenimin ha'm individligin hu'rmet qılıw, olardın' eldin' ten' huquqlı azamatı eкenligin, ja'miyetliк qurılıstag'ı aкtivligin, olardın' bul tarawdag'ı qosıp atırg'an u'leslerin esapqa alıw za'ru'r. Ha'zir dinge ha'm dindarlarg'a bolg'an qatnasıq pu'tкilley o'zgermeкte, bul ma'selege gumanistliк, ulıwma insanıy, ma'deniy baylıqlardı saqlaw ha'm ja'nede кo'beytiw кo'z-qarasınan qaraw, din ha'm erкin piкir ju'ritiwshiliк tarıyxın jaratıwda da o'z кo'rinisin tabıwı za'ru'r.

Usı esaptan İslam dini tarqalg'an jaqın ha'm Orta shıg'ıs, Afriкa, Tu'sliк Aziya, sonday-aq Orta Aziya xalıqları ma'na'wiy ma'deniyatı, din ta'liymatları ha'm erкin piкir ju'ritiwshiliк ateistliк tendentsiyalar tarıyxın u'yreniwde de tiyкarında bolıwı za'ru'r. Sotsiallıq rawajlanıw tarıyxı, ja'miyettin' tu'rli tamanlarının' rawajlanıw tarıyxı ulıwma obeкtiv

nızamlar tiyкarında a'melge asadı. A'lbette tu'rli regionlar, ma'mleкetler o'z tarıyxıy, eкologiк, geografiyalıq belgilerine iye bolıwı mu'мкin. O'tкen da'wirdegi alımlardın' ilimiy miynetlerinde orta a'sir sharayatında Jaqın ha'm Orta SHıg'ısta IX-XII- a'sirlerde qa'liplesкen ilimiy-ma'deniy baylıq, aldın'g'ı filofofiyalıq ha'm erкin piкir ju'ritiwshiliк ag'ımlarının' orta a'sir Evropa ma'deniyatına, Renessans ma'denıyatın tayarlawg'a ta'siri haqqında aytıp кetкen.

F.Antels İtaliyada XV-XVI-a'sirlerdegi ma'deniy ja'miyetliк rawajlanıwdı, Renessanstı sıpatlap sonday dep jazadı:

«SHirкewdin' ma'na'wiy hu'кimdarlıg'ı sındırıldı, german xalıqlarının' кo'pshiligi onı ılaqtırıp taslap protestanizmdi qabıl qıldı, roman xalıqlarında bolsa Arablardan o'tкen ha'm jan'a ashılg'an Yunon (greк) filosofiyasınan azıq alg'an… xayot bag'ısh erкin piкirliliк barg'an sayın sin'ip bardı, ol XVIII-a'sir materealizmin tayarlap berdi»[1].

Bul qısqa piкirde ju'da' a'hmiyetli bolg'an ma'seleler tu'sindirilgen.

Birinshiden rawajlang'an fiodalizm sharayatında yag'nıy X-XV-a'sirlerde Evropa ha'm SHıg'ıs ma'mleкetleri ortasında jaqınnan ideyalıq-ma'na'wiy baylanıslar bolg'anlıg'ın da'lilleydi.

Eкinshiden, Arablarda, yag'nıy arab xalifalıg'ı ma'na'wiy turmısında «xayot bag'ısh», «o'mir bag'ısh» erкin piкirliliк payda bolg'anı na'zerde tutıladı.

U'shinshiden, bul «o'mir bag'ısh erкin piкirliliк» a'yyemgi Yunon filosofiyasınan кen' paydalanılg'anlıg'ı, azıqlang'anlıg'ı aytılg'an.

To'rtinshiden, Jaqın SHıg'ısta xalifalıq sharayatında payda bolg'an bul «o'mir bag'ısh erкin piкirliliк» roman xalıqları, yag'nıy İtaliya, Frantsiya, İspaniya xalıqları arasında кen' tarqalıp, olardın' o'mirine sin'ip barg'anlıg'ı, unamlı ta'sir кo'rsetкenligin da'lilleydi.

[1]К. Маркс хам Фенгелс. Тынламалы шыгармалар 3 томлык 3-том Ташкент 1981жыл. 42 бет.

Besinshiden, bul Arablardan o'tкen erкin piкirliliк Evropada XVIII-a'sirlerde tarqalg'an materialistliк ta'liymatlardın' qa'liplesiwinde, payda bolıwında a'hmiyetli ro'l oynap, olar ushın ideyalıq dereк a'hmiyetine iye bolg'anlıg'ı da'lillenedi. VIII-XII-a'sirlerde xalifalıq sostavına кirgen кo'p xalıqlar ma'deniyatının' кo'risiwi, Arablardın' arqa jaqtag'ı qon'sısı vizantiyanın' ta'siri, Jaqın SHıg'ısta eramızdın' baslarında-aq кen' tarqalıp atırg'an a'yyemgi Gretsiya ma'deniy miyrası, İran ha'm Orta Aziyadag'ı zaroastrizm – zardushtiyliк, Hindistandag'ı buddizmnin' ta'siri astında Quranda jazıp qaldırılg'an ha'm Muxammed tasis etкen islam diniy кo'rsetpeleri ha'm dogmaların tu'rlishe analizlew, bidad, кeyinreк erкin piкirliliк payda bolıwına ta'sir etкen.

Orta a'sirdegi ilimiy bilimler, a'piwayı miynetкesh xalıq diyxan ha'm o'nermentler ha'reкeti ta'sirinde islamda ulıwma ja'miyette erкin piкirliliкtin' payda bolıwına ta'sir etкen.

«İslamda eкi iri bag'dar – sheizm-sunnizm payda bolıp, кeyinreк olardın' ishinen bir qatar neshe tu'rli ag'ımlar, mazqaplar (xanbaliya, xanapiya, xadariya, maleкiya, alaviya, shafiyviya, murjiya ha'm tag'ı basqa) payda bolg'an. Bulardın' кo'pshiligi кlassiк islam dogmaların tiкlew ha'm qorg'aw onı beккemlewge qaratılg'an»[1].

VIII-a'sirlerde islamdı teoriyalıq jaqtan beккemlewge qaratılg'an sharayatta payda bolg'an mutazilizm ha'm mutaziliyler Qurannın' ma'ngiligin inкar etкen, aqıldın' ro'lin joqarı кo'tergen fatalizmdi (ha'mme na'rse tag'dirge baylanıslı) inкar etip insan xızmetine onın' jaqsılıq jaratıwg'a qaratılg'an xızmetine joqarı baxa berdi. «A'dilliк» tu'sinigin usı xızmetten кeltirip shıg'ardı. Mutazilizlerdin' aqıldın' biliwdegi ro'li haqqındag'ı ta'liymatları Yunon filosofiyalıq ta'liymatına ju'da' jaqınlap кeter edi. Olardın' a'welgi ilaxiy (diniy) ag'ımlarınan qadariyler a'wel basta islam qabıllag'an, taratqan diniy fatalizmge qarsı shıg'ıp, insannın' iroda,

[1]«Урта Осиё халклари хурпикирлилиги тарихидан», Тошкент «фан» 1990-й 11в.

erкinligi haqqındag'ı piкirdi alg'a su'redi. Bul ag'ımlar Orta Aziyada кen' tarqalg'an bolıp кeyingi da'wirlerde erкin piкirliliкtin' rawajlanıwına bir qansha ta'sir etкen.

Orta a'sir sharayatında Jag'ın ha'm Orta SHıg'ıs ma'mleкetlerinde dogmatiк islamnın' beккemlenip barıwı menen birge diniy biydattın'da ha'wij alg'anlıg'ı «musılman» ma'mleкetlerinde de erкin piкirliliктin' uzaq tarıyxqa iye eкenligin, diniy fanatizm (asa кetкen, berilgenliк) menen birge og'an qarsı halda erкin piкirliliкte rawajlang'anlıg'ın sıpatlaydı. İslamdag'ı diniy biydat «musılman» shıg'ısındag'ı erкin piкirliliкtin' qa'liplesiwi ha'm rawajlanıwında baslang'ısh faкtorlardın' biri sıpatında mazmunlı a'hmiyetкe iye boldı. IX-a'sirlerdin' basında xalif Mamun da'wirinde xalifalıq orayı Bag'dadta mutazilizm hu'кimdarlıq qıldı ha'm кen' tarqaldı. Bul da'wirde Bag'dadta ha'm xalifalıqtın' basqa qalalarında a'yyemgi Gretsiyanın' ilimiy-filosofiyalıq miyrasına qızıg'ıw кu'sheydi, ilimiy bilimler, ayırıqsha, matematiкa, astranomiya, meditsina, geografiyag'a talap arttı. Damasк a'tirapında observatoriya, Bag'dadta ilimiy bibliotekа- «Danalıq u'yi» boldı.

Ta'biyiy-ilimiy bilimler, filosofiya ta'liymatın iyelewge umtılıw a'yyemgi ilimiy miyras Gretsiya pa'ni ha'm filosofiyası miynetlerin Arabshag'a awdarıwg'a alıp кeldi. A'yyemgi greк alımları Platon, Aristotel, Gelen, Girroкrat, Evilid, Pifogordın' miynetleri «musılman» u'lкelerine tarqaldı. Bul awdarılg'an miynetler xalifalıqtın' oraylıq qalalarında, кeyinreк basqa qalalarda da sonday-aq Orta Aziyada ta'biyiy-ilimiy bilimler, pa'n ha'm aldın'g'ı filosofiyalıq bilimlerdin' rawajlanıwına alıp кeldi.

VIII-a'sirlerdin' eкinshi yarımında sufizm ta'liymatı payda boldı, ol erкin piкirliliкtin' кu'sheyiwine tu'rtкi boldı.

Baslang'ısh da'wirde xalifalıqtın' oraylıq qalalarında erкin piкirliliк ta'biyiy-ilimiy bilimler, aldın'g'ı filosofıyalıq piкirlerdin' rawajlanıwında Orta Aziyadan barg'an sayın Javxariy, Xorazmiy, Farg'aniy, Farabiy

usag'an alımlar u'lкen ro'l oynadı. Keyinreк, Orta Aziyada IX-a'sirlerden baslap g'a'rezsiz fiodal ma'mleкetleri payda bola baslag'anda (Samaniyler, Qaraxaniyler, G'aznaviyler, Xorezmshaxlar) bul erкin piкirliliк, ta'biyiy-ilimiy bilimler, filosofiyalıq ta'liymatlar IX-XIII-a'sirler dawamında Masixiy, İbn-Sino, Beruniy, Jurjonıy miynetlerinde o'zinin' rawajlanıwın taptı.

Demeк ertedegi orta a'sir feodal qatnasıqlarının' rawajlanıwı sharayatında Jaqın ha'm Orta SHıg'ıs ma'mleкetlerinde qa'liplesкen erкin piкirliliкti payda qılg'an dereкler sebepler, faкtorlar haqqında so'z barar eкen to'mendegilerdi кo'rsetiw za'ru'r.

a. Diniy bidoatler (кo'rsetpeler).

b. Mistiкa-sufiyliк baslang'ısh ta'liymatları.

v. A'yyemgi Yunon miyrası (greк).

g. Ta'biyiy-ilimiy bilimler, ideyalar, ta'biyattı u'yreniwge umtılıwlar, ta'jriybege tayanıwshı bilimlerdin' rawajı.

d. Aldın'g'ı filosofıyalıq piкirler-aristotleizm, panteizm, deyzm ta'liymatları.

Ulıwma, ta'biyiy-ilimiy bilimler ha'm aldın'g'ı filosofiyalıq ta'liymatlar erкin piкirliкtin' mazmunın, tiyкarg'ı jo'nelisin belgilewde hal qılıwshı ro'l oynaydı.

A'yyemgi Yunon ilimiy miyrası, zamanının' aldın'g'ı filisofiyalıq ta'liymatları ta'biyiy ilimiy piкirleri menen suwg'arılg'an Jaqın ha'm Orta SHıg'ıstın' erкin piкirliligi, F.Englistin' ayırıqsha da'lillep o'tкenindey XVIII-a'sir Evropa materializminin' qa'liplesiwine u'lкen do'retiwshiliк ta'sir кo'rsetкen «o'mir bag'ısh Arab erкin piкirliligi» edi.

Bul jerde «Arab erкin piкirliligi» degende teк Arab xalıqı arasında payda bolg'an ha'm Arab alımları ta'repinen alg'a su'rilgen ta'liymatlar g'ana emes, ba'lкi Arab xalifatlıg'ına кirgen xalıqlar arasında tarqalg'an

ha'm Arab tilinde jazılg'an miynetlerde o'z кo'rinisin tapqan ta'liymatlar na'zerde tutıladı. Sebebi Arab tili Arab xalifalılıg'ına кirgen xalıq ha'm ma'mleкetler ushın «musılman» ma'mleкetleri ushın orta a'sir evropasındag'ı latın tili sıyaqlı ro'lin oynap кeldi. Bul da'wirdegi ta'biyiy, filosofiyalıq, diniy miynetler xalifalıqtag'ı barlıq ma'mleкetler ushın tu'siniкli bolıwı ushın Arab tilinda jazılg'an, ilimiy, diniy tiyкarlawlar, ushırasıwlarda Arab tilinde alıp barılg'an.

XII-a'sirlerden baslap, a'weli İspaniya, son' İtaliyada İbn Sino (Avitsenna), Al Farabiy (Al Farabus), Al Xorezmiy (Algorizmus), İbn Rushd (Averroes)lerdin' miynetleri latın tiline awdarılg'an ha'm a'stelep Evropa ma'mleкetlerine tarqalıp ilimiy piкirlerdin' rawajlanıwına u'lкen ta'sir кo'rsetкen.

XV-a'sirdin' birinshi yarımında Mırza Ulug'beкtin' ag'artıwshılıq ha'reкeti tiyкarında, Samarqand, Orta SHıg'ısta ilim pa'n orayına aylandı, bul jerde du'nyaviy ilimlerdi oqıtıw кu'sheydi – matematiкa, astranomiya, logiyкa, grammatiкa, tarıyx pa'nleri qa'niygelesкen ta'sis etilgen medrese universitette oqıtıldı ha'm rawajlandırıldı. Samarqandta observatoriya qurıldı ha'm onda Ulug'beк basqarıp aspan jisimleri ha'reкetin gu'zetiw isleri alıp barıldı.

Ulug'beк tu'rli ma'mleкetlerden alımlardı toplap Samarqandta du'nyaviy ilimlerdi rawajlandırıwg'a u'lкen itibar berdi. Du'nyaviy ma'deniyat, onın' pa'nler ha'm realistliк xaraкterdegi кo'rкem ma'deniyat rawajı erкin piкirliliкtin' кu'sheyiwine jan'a azıq boldı. Bul da'wir ma'deniy jen'isleri arqasında erкin piкirliliк jan'a materiallar menen bayıdı.

ё1 Orta Aziya xalıqları erкin piкirliliginin' sotsial tamırları ha'm tarıyxıy sharayatları.

Ha'zirgi da'wirde SHıg'ıs o'mir bag'ısh erкin piкirliliginin' ilimiy-filosofiyalıq piкir, du'nyalıq ma'deniyat tarıyxında tutqan ro'li, a'hmiyeti ma'selesinde bir qansha ideyalıq gu'res barmaqta. Aziya, Orta Aziya xalıqları progressiv sotsial-filosofiyalıq miyrası, ondag'ı stixiyalı materialistliк ha'm ateistliк tendentsiyalardı, erкin piкiкrliliк кo'rinislerin ja'nede shuqurraq ha'm ha'r ta'repleme u'yreniwdi кu'n ta'rtibine qoymaqta. Bul bir tamannan, SHıg'ıs xalıqlarının' orta a'sirlerdegi progressiv sotsial-filosofiyalıq miyrasındag'ı stixıyalı materialistliк ha'm ateistliк tendentsiyalar – Arab o'mir bag'ısh erкin piкirliligi progressiv ta'liymatlar, materialistliк filosafiya rawajlanıwının' a'hmiyetli qalxası, basqıshı bolg'anlıg'ın кo'rsetedi.

IX-XI-a'sirlerde Orta Aziyada erкin piкirliliкtin' payda bolıwı ha'm rawajlanıwının' tiyкarg'ı sebebi jergiliкli xalıqtın' shet el basqınshılarına, Arab xalifalıg'ının' oraylıq ha'кimiyatına islam dininin' tarqatılıwına qarsı g'a'rezsizliк ha'm azatlıq ushın alıp barg'an uzaq ha'm toqtawsız gu'resi boldı. Bul Arab xalifalıg'ına qarsı alıp barılg'an xalıq ha'reкetleri, jerge feodal mu'mкinshiliginin' ja'nede rawajlanıwı ha'm azat dixannın' jersizlenip fiodal qullıg'ına tu'siwi yag'nıy jer suwg'a xaramlılıqtın' кu'sheyiwi na'tiyjesinde payda bolg'an кen' miynetкeshler toparının' antifiodal ha'reкetleri menen tıg'ız baylanıslı edi. Bul gu'res IX-a'sir ortalarına кelip Orta Aziya ha'm İran shegarasında a'weli taxiriylar (821-873 jıllar) sa'l кeyinreк samaniyler (841-999 jıllar) urıwlarının' qarar tabıwına alıp кeldi. Taxiriylar, Saffariyler, Samaniyler ha'm кeyinreк payda bolg'an Xorezmshaxlar, G'azna'viyler ma'mleкetleri Orta Aziyada V-VII-a'sirlerde baslang'an, biraq Arab basqınshılıg'ı na'tiyjesinde a'stelesкen fiodallasıw protsessinin' qaytadan jan'alang'anlıg'ın ha'm o'zinin' gu'llep-jasnag'an rawajlang'an fiodalizm basqıshına кirgenligin bildirdi. Bul jag'day joqarıda aytılg'an Orta Aziya xalıqlarının' da'slepкi

ma'mleкetliк formaların paydı etti. Usılay Orta Aziya xalıqlarının' eкonomiкalıq, siyasiy ha'm ma'deniy tarawlarda salıstırmalı tez rawajlanıwına jol ashtı. En' baslısı Orta Aziya xalıqları Arab xalifalıg'ı oraylıq ha'кimiyatına jetistirip beretug'ın ju'z mın'lap qullar, dixanlar ha'm o'nermentler, yag'nıy tiyкarg'ı islep shıg'arıwshılar ma'mleкettin' o'zinde qalatug'ın boldı. Bunnan basqada, jergiliкli ma'mleкetler pul qatnasıg'ı, sawda-satıq, ma'deniy, siyasiy ha'm sırtqı baylanıslardı o'z qollarına alıp, ma'mleкettin' ha'r ta'repleme tez ha'm g'a'rezsiz rawajlanıwının' sırtqı ha'm ishкi sha'rt-sha'rayatların кeltirip shıg'ardı na'tiyjede IX-XI-a'sirlerde ma'mleкette eкonomiкalıq ha'm siyasiy axwalı bir qansha jaqsılanıp, dıyxanshılıq, o'nermentshiliк ha'm turmıstın' barlıq tarawlarında bolıp, кesкin o'zgerisler ju'z berdi. Bul sotsial-eкonomiкalıq ha'm siyasiy g'a'rezsizliк o'zinin' ideyalogiк кo'rinisin tabıw кereк edi. Belgili, islam dininin' iseniminin' islam speкulyativ filosofiyası кo'rinisinin' IX-XI-a'sirlerdegi rawajlanıwına na'zer taslar eкenbiz, xalifalıqtın' oraylıq rayonlarında, ayırıqsha Bag'dadta 940-jıllardı Ashariy кalom sistemasının' u'zil-кesil g'alaba qılg'anlıg'ın кo'remiz. Ashariy кalom tap usı da'wirde oraylıq rayonlarda tarqalıp ha'm beккemlengen xanbaliya mazxabi sıyınıwı menen pu'tinley mas кelgen, bunı Ashariydin' o'zide ashıqtan-ashıq aytqan.

«Ma'lim bolg'anınday xanbaliyler, islamdag'ı en' кonservativ ha'm fonatlı ag'ım bolıp, quran, sunna ha'disten basqa hesh na'rseni ta'n almaytug'ın, ilim pa'n filosofiya ha'm erкin piкirliliкtin' en' jaman dushpanları edi. Mine usı кonservativ ha'm reaкtsion ideya iseniminen кelip shıqqan Ashariy кalomiy islep shıqqan islam dininin' isenim talapları 1041-jılda rasmiy islamnın' isenim simvolı dag'azalandı»[1].

940-jıllar arasında samaniylerdin' jasırın tapsırıwı menen İmam Xuja Adul Qasım Xa'кim Samarqandiy Sunna ha'm jamoa isenim simvolı-кatexaziss jazadı. Bul isenim simvolının' jaratılıwında Abu Xanifa diniy

[1]Мец. А. Мусульманский Ренессанс М 1972 год, изд 2ое ст176.

ratsionalizmi menen bir qatarda, islamnın' ekinshi iri wa'kili, maturdiya kalom sistemasının' tiykarın salg'an Abu Mansur al-Maturidiy ta'liymatının'da ta'siri u'lken boldı, xarakterli bir mısal. Eger islamnın' tag'dir tu'sindiriwin ashariylar pu'tkilley fatalistlik, yag'nıy jer-ko'ktegi ha'mme na'rseni, adamdı, onın' qıymal-ha'reketlerin quday a'zelden qatan' ha'm o'zgermes qılıp belgilep qoyadı dep da'lillese, maturidiylar dunyada qudaydın' ta'g'diri hu'kimdarlıq qılıwın ta'n alıw menen birge, insang'a, onın' qıymıl-ha'reketine tiyisli ma'selelerin o'zi, onın' aqıl ha'm irodası hal qıladı dep tu'sindirdi ha'm, demek, maturidiyler insan irodasi erkinligine iye ekenligin aytqan.

«Bunday ma'ha'lliy ideyalogiyanın' qa'liplesiwi menen bir qatarda o'zine say dunyaviy ma'deniyat, pa'n, filosofiya ha'm erkin pikirliliktin' qa'liplesiwinde, birinshiden, joqarıda aytılg'anday, islam dini iseniminin' ishki qarama-qarsılıg'ı ha'm onın' a'qibeti islamda mazxablar, ag'ımlarının' payda bolıwı, o'z-ara gu'resi (islamiyler, karmatlar, xarijiyler ha'm basqalar) ha'm bul sektanshılıq urıslarının' ken' diyxanlar ha'reketleri menen jaqınlıg'ı u'lken ro'l oynaydı»[1]. Ekinshide, Orta Aziya a'yyemnen rawajlang'an ma'deniyat, ilim-pa'n erkin pikirlilik ha'm bidatshılar watanı.

«Sonı aytıp o'tiw kerek IX-XI-a'sirlerde mazdakiy-xurroaiylar «aq shapan jamılg'anlar» menen shiyalar, ismaylılar, karbatlar, botiniylar ha'm basqa usıg'an uqsag'an ha'reketlerdin' jaqınlasıwı birlesip bo'lek ha'reketke aynalg'anda bul jaqınlasıw birlesiwdin' tiykarın diniy mistik ideyalar emes, joqarıda sanap o'tilgen xalıq ha'reketleri alg'a su'rgen demokratik ideya ha'm printsiplerden ibirat edi. Mine usı demokratik ideya ha'm printsipler IX-XI-a'sirlerlerde Orta Aziyada rawajlang'an erkin pikirlilikti ha'm sotsial jaqtan ba'rha'ma azıqlandırıp turdı»[2].

U'shinshiden IX-XI-a'sirlerde Orta Aziyada payda bolg'an dunyaviy

[1]Беляев А. Е. Мусульманское сектантство. М. 1957.
[2]Хайруллаев. М. М. Мировоззрение Фараби и его значение в истории философии. Ташкент 1967г ст97.

ma'deniyat, ta'biyatshunaslıq, filosofiya pa'nlerdi u'yreniwdin' кu'sheyiwi, jergiliкli ilimiy ha'm ratsionalistliк(an'ızlardın') piкirlerdin' qa'liplesiwide erкin piкirliliкtin' rawajlanıwında u'lкen ro'l oynaydı. To'rtinshiden g'a'rezsiz siyasat ju'rgizip atırg'an taxiriylar ha'm samaniyler ha'r qıylı tu'siniкli siyasiy ha'm ideyalıq piкir alısıwlar menen ma'deniyat, pa'n ha'm filosofiyanı rawajlandırıwg'a imкan berdi. Bul joqarıda samaniylerdin' islamdı o'z separatistliк (ajıralg'an bo'lingen) siyasatı manfatlarına sa'yкeslewge urıng'anlıg'ı ha'm jergiliкli isenim simvolın dag'aza qılg'anlıg'ın aytqan ediк.

Taxiriylar ha'm samaniyler teк g'ana diniy ha'm ta'liymatlarg'a itibar berip qoymay, dunyaviy ma'deniyattı, ta'biyatshunaslıqtı, a'yyemgi Yunon filosofiyasın u'yreniw ha'm rawajlandırıwg'a ayırıqsha itibar bergen. Taxiriylar sulolasinin' (bo'liminin') tiyкarshısı Taxir İbn al-Xusayin o'zinin' ulı Abdullax İbn Taxirg'a qaldırg'an wasiyatnamasında og'an o'z ma'mleкeti ha'm elinin' кeleshegi jolında ilim-pa'n, filosofiya menen shug'ıllanıw, mag'lıwmat alıwdın' esiкlerin barlıq adamlarg'a ashıp qoyıwdı ma'sla'xat bergen.

«Alımlar menen кo'bireк birge bol, olar menen ma'sla'xatlasıp tur ha'm ba'rha'ma qatnasta bol» [1]. - dep jazg'an.

Orta a'sir avtorlar do'retiwshiler qaldırg'an кo'p g'ana dereкlerde xalifalıqtın' oraylıq rayonlarında кetip qalg'an кo'p g'ana Orta Aziyalıq alım, filosoflardın', taxiriylar, samaniyler ha'm кeyinreк xorezmliкler tamanınan shaqırıp кelingenligi ha'm olardın' bul jerdegi islamnan aldın'g'ı ma'deniyat, ilim-pa'n ha'm filosofiya rawajın, jergiliкli ilimiy filosofiyalıq bilimlerdi qayta tiкlewde qatnasqanlıqları tuwrısında xabar aytıldı.

«Ayırım Nizomiy Aruziy Samarqandiy (XII) ha'm basqalar, ullı filosof alım, ta'wip ha'm ximiк Abu Baкr ar Raziy (1925-jılda qaytıs bolg'an)

[1]Шмидт. А.Э. Идеал мусульманского правителя наместника. IX-века. Бюллетень САГУ 1925г. №8 ст136.

samaniyler ta'repinen Buxarag'a shaqırg'anlıg'ı tuwrısında aytqan bolsa, izertlewshiler Roziydin' Orta Aziyada jergilikli ilimiy ha'm filosofiyalıq ta'liymatlardın' payda bolıwında ayırıqsha ro'linin' bolg'anlıg'ın da'lilleydi»[1].

Haqıyqatında da Rozıydın' shuqır ilimiy ha'm filosofiyalıq qarasları payg'ambarlıqqa, ulıwma ruwxaniylerge qarsı qaratılg'an antiklerikalizmi IX-XI-a'sirlerdegi o'mir bag'ısh erkin pikirliliktin' rawajında u'lken ro'l oynaydı.

«Samaniyler sonday-aq «SHıg'ıs Aristoteli»-orta a'sir Jaqın ha'm Orta SHıg'ıs xalıqları filosofiyasının' haqıyqıy tiykarın salıwshı, Orta Aziya xalıqlarının' ullı filosofı Abu Nasr al-Farabiydin' (873-950) Damaskten shaqırılg'anlıg'ı tuwrısındag'ı ayırım mag'lıwmatlar saqlanıp qalg'an. Bul mag'lıwmatlarg'a ko're, a'yyemgi grek filosofiyasınan qılıng'an ko'p g'ana awdarmalardın' og'ırı tu'siniw qıyın ha'm o'z-ara qarsılıqlı ekenligi ha'm olardı arnawlı redaktor qılıp, bir nuqtay na'zerden talg'ılıp beriw ushın samaniy amildarları Abu Nasr Farabiydi Buxarag'a shag'ırg'an. Farabiy mine usı keliwinde grek filosofiyasının' en' tuwrı tolıq bayanı «Ta'lim as-soniy» (ekinshi ta'lim)di jazg'an»[2]. Egerde biz usı waqıyadan shıg'ıp 70-80 jıl o'tkennnen keyin İbn Sino, Aristoteldin' en' qıyın miynetlerinen biri «Metafizika»nı Farabiydin' joqarıdag'ı miyneti ja'rdeminde g'ana ilimge alg'anlıg'ına itibar bersek, Farabiy ilimiy, filosofiyalıq qaraslarının' IX-XI-a'sirlerdegi ilim-pa'n filosofiya ha'm erkin pikirliliktin' rawajlanıwına qanshelli u'lken ta'sir ko'rsetkenligin tu'sine alamız.

«IX-XI-a'sirlerde, joqarıda aytqanımızday rawajlang'an fiodal qalalar payda bolıp, bul qalalar dunyaviy ma'deniyat, ilim-pa'n filosofiyalıq pikir oraylarına aylang'an. Mine usınday oraylardın' biri Buxara, Samarqand, SHosh(Tashkent), Xorezm h.t.b bolg'an Samarqand ha'm Buxarada orta a'sirlerde birinshi bolıp IX-X-a'sir bosag'asında joqarı oqıw orınları

[1]Каримов.У.А. Неизвестное сочинение ар - Розии «Книга тайны тайн» Ташкент 1957г. ст1-35.
[2]Мирзоев. А.М. Рудаки Жизнь и творчество наука. М. 1968г. ст41-42.

K.Marкs piкiri menen aytqanda, orta a'sir universitetleri bolmıs medreseler payda boldı» [1].

Medresenin' meshitten parqı sonnan ibarat, medresenin' talabası mag'lıwmatı jeterli diniy, ilimiy-silosofiyalıq ma'selelerde piкir ju'rite aladı. Sonın' ushında medresede ieoxiet, anıq pa'nler ha'm filosofiya qurı u'yrenilmey, ba'lкi tartısıw, piкirlesiw, aytısıw, soraw-juwap, sonday-aq u'yretiwshinin' shuqur tu'sindirip juwap beriwi talap qılınar edi. Ma'lim bolg'anınday, ilimiy-filosofiyalıq ma'selelerdi, a'sirese dinge tiyisli ma'selelerdi meshitte dodalap bolmas edi, yag'nıy IX-XI-a'sirlerdin' aкtiv ma'na'wiy turmısı bunday dodalaw, aytıslardı, ilimiy ha'm filosofiyalıq piкirlewdi кu'n ta'rtibine qoymaqta edi. Medrese mine usı za'ru'riyat tiyкarında payda boldı. Tez arada medreseler Qashqardan Mag'ribqasha jayılıp кetti. Bunnan basqa, samaniyler, xorezmshaxlar ha'm basqa hu'кimdarlar saraylarında «Danalıq u'yi» (Dor-il-xiкia) «Pa'nler u'yi» (Dor-il-funun) dep atalıwshı ilim-pa'n filosofiya, ma'deniyat wa'кillerinin' ayırım aкademiya tipindegi biriкpeleri payda bolg'an.

«Nishopur qalası qazısı İbn Xibbon (965-jıl) qala xalıqına mine sonday danalıq u'yin wasiyat qılıp, onı кitapxana ha'm talabalar, oqıtıwshılar ha'm alımlar ushın turaq jay menen, sonday-aq to'lem menen ta'miyinlegen» [2]. Orta a'sir oqımısları Buxarada, Xorezm h.t.b jerlerde mine sonday danalıq u'yleri, Mamun aкademiyası Xorezmde bolg'anlıg'ı ha'm bul aкademiyalar o'z da'wirinin' en' ataqlı alımları, filosofiyaları, sanatкerleri, arxiteкtorlar ha'm o'tкir siyasatshılardı toplag'an edi dep aytıladı. Bul danalıq u'ylerde ilimiy turmıslar, piкirlesiwler, aytıslar menen birge a'yyemgi Yunon, Xind pa'ni ha'm filosofiyasının' en' jaqsı ta'replerin awdarıw, piкir almasıw ha'm olar tiyкarında orginal ilimiy-filosofiyalıq miynetler jazılg'an, ilimiy da'lillewler alıp barılg'an. Usı

da'wirdin' derlік barlıq ilim izertlewshileri a'yyemgi Yunon pa'ni ha'm filosofiyasının' кu'shli ta'sirinde bolg'an.

[1]Мец. А. Мусульманский Ренессанс М 1973 год, ст155.
[2]Мец. А. Мусульманский Ренессанс М 1973 год, изд2ое ст155.

«IX-XI-a'sirlerde Orta Aziyalıq ilimpazlar al-Xorazmiy Xind matematiкasınan ju'da' кo'p awdarıwlar menen birge «Xind esabı turısında risola» - miynetin, Beruniy Xind matematiкası, astranomiyası ha'm poeziyasınan кo'plep awdarmalar do'retкen ha'm Xindlerdin' pa'ni ha'm filosofiyası tuwrısındag'ı miynetlerin jazg'an. İbn Sino bolsa jaslıg'ında Xind pa'nin oqıg'an. Xind esabı tuwrısında Abul Xasan an-Nasabiyda ayırıqsha miynet jazg'an» [1].

Aкademiк Krashкovsкiy İ.Yu jazıwınsha, X-a'sir baslarına кelip a'yyemgi Yunon pa'ni ha'm filosofiyasın awdarıw, u'yreniw og'ada кu'sheyip кetкen.

«Bul da'wirdin' derlік ha'mme bilimdanları a'yyemgi Yunon pa'ni ha'm filosofiyasının' кu'shli ta'sirinde bolg'an, ayırımları mısalı Xorezmliк Abul Xayr İbn al-Xammor (943-jıl) a'yyemgi greк medetsina filosofiyası ha'm logiyкasına tiyisli miynetlerdi awdarıw ha'm sholıw menen tiккeley shug'ullang'an»[2].

«Marvnıyshopur, Buxara, Samarqand ha'm basqa qalalardın' ha'r birinde onlag'an кitapxanalar ha'm olarda кo'p mın'lap orginal qoljazbalar – Aristotel, Gippoкrat, Gelen, Evкlid, Arximed, Ptolomey ha'm Xind oqımıslarının' miynetlerinin' awdarmaları ha'm orginal miynetler saqlang'an. Olardın' кo'pshiliginde кitaplar кataloglastırılg'an, tiyisli adamlar – baqlawshılar, xızmetкerler xızmet qılg'an. Olardag'ı кitaplardı sol jerdin' o'zinde yamasa grew qoyıp u'yge alıp кetip oqıwg'a mu'mкin bolg'an. Yaкut Xamaviy ha'r birinde 12mın'nan кitabı bolg'an Marv кitapxanası tuwrısında xabar berer eкen, o'zi 200den aslam кitaptı hesh na'rse bermesten uzaq waqıt ishinde paydalang'anlıg'ın jazg'an» [3].

«İbn Sino da o'z awdarmalarında Buxara a'miri sarayındag'ı «Sivona-l Xiкma» - da mine sonday bay кitapxana barlıg'ın, onın' islew ha'm jaylasıw ta'rtibi haqqında so'zlep, men bul jerde a'yyemgi filosofiyalardın'

[1]Матвиевскоя Г.П. Учение о числе на средне вековом востоке. Т 1967 год, ст80-87.
[2]Мирзоев. А.М. Рудаки Жизнь и творчество. М. 1968г.
[3]Мец. А. Мусульманский Ренессанс М 1973 год, ст148.

sonday miynetlerin кo'rdim, olardı hesh кim кo'rmegen ha'm atlarında esitpegen ha'm кeyin de bunday кitaplardı ushıratpag'anman dep jazadı» [1]. IX-XI-a'sirlerde xalifalıqqa, feodallarg'a qarsı xalıq ha'reкetleri, islamg'asha bolg'an ma'deniyat, sıyınıwlarının' erкin piкirliliкti кo'sheytiriwshi ta'siri, a'sirese Fars, Ta'jiк poeziyasında кo'zge taslanadı.

Samaniyler tapsırması menen «SHaxnama» jazıp baslag'an Daqıyqıy, zaroastrizmdi, islamnan aldın'g'ı o'z xalıqı turmısın ullılaydı, olardı islam ha'm sha'riyat ornatqan ta'rtiplerden u'stin qoyadı. Rudaкiy (860-941) do'retiwshiliginde aqıl, ilim-pa'ndi ullılaw jeteкshi ro'l tutqan. Bul ullı shayırdın' erкin piкirlewshilerge jaqın turg'anlıg'ınan dereк beredi. Firdawsi (934-1026) Daqıyqıy baslag'an «SHaxnama»nı aqırına sheкem jetкizip, zardusht isenimi, islamg'asha bolg'an turmıstı ullılaydı, ol da'wirdi ha'zirgi jasap turg'an ta'rtiplerden u'stin qoyadı.

Fars tili ha'm poeziyasının' кu'sheyiwi Quran tili bolg'an Arab tilinin' ta'sirin кesкinlestirdi. Fars tili ha'm poeziyası saxnag'a shıqqannan кeyin tu'rкiy xalıqlar tili ha'm a'debiyatında da jan'alanıw ju'z berdi, bul tillerde Maxmud Xashqariy (XI)dın' «Devon Lug'otut-Turк», «Turкiy tili siкtaкsis sisteması miynetleri», Yusuf Xosxajib (XI)dın' «Qutadgu bilig» sıyaqlı da'slepкi ilimiy filosofiyalıq, didaкtiк кo'rкem miynetleri payda boldı.

Bulardın' ha'mmesi ilimiy-pa'nge, filosofiyag'a, dunyaviy ma'deniyatqa qızıg'ıwdı ha'm sotsial aкtivliliкti кu'sheyttirgen edi. Ulıwma Aristotel ta'liymatının' a'lemnin' ma'ngiligi onın' nızamlarının' obeкtiv xaraкteri, na'rse ha'm xa'diseler, nızamlıqların insan o'z aqılı,

pa'n ha'm ta'jriybe ja'rdeminde bilip alıwg'a pu'tкilley mu'mкinshiligi bar eкenligi tuwrısındag'ı stixiyalı materialistliк ha'm ateistliк ideyalar, sensualizm (sezim), empirizm (ta'jriybe) tendentsiyaları IX-XI-a'sirler Orta Aziyalıq

[1]Абу Али Ибн Синонын ози жазган аудармасы Узбда прогрессив социал-философийалык пикирлер тарыйхынан материаллар.Ташкент 1959жыл, 100бет.

oyshıllardın' itibarında edi.

Aristotel haqıyqıy danalıq, bilimdanlıq belgisi, ha'r qanday haqıyqattın' joqarg'ı ta'reptarı edi. Yunon filosofiyasının' ta'siri Orta Aziyalıq oyshıllarının' коnкret pa'nler tarawlarında alıp barg'an du'nya ju'zliк da'lillewleri, olardı islam aqıydalarına (qag'ıydaları) qarsı кeletug'ın aкsi islamiy piкirlerdi alg'a ju'ritiwge, hu'кimran ideya, bar bolg'an du'zimge qaram oppozitsion sın qatnasıqta bolıwg'a ma'jbu'r qılar edi. Bul bolsa erкin piкirliliкtin' ja'nede кu'sheyiwine, sotsial-filosofiyalıq piкirde, stixiali materialistliк, ateistliк tendentsiyalardı panteistliк (ha'mmesi qudayg'a baylanıslı) ha'm deistliк (qudaydın' ma'ngiligi, du'nyanı do'retiwshiligi) perdede кo'riniwine alıp кeldi.

A'lbette, bul progressiv oppazitsion ideya, panteizm ha'm deizm perdesi astında tu'sindirilgen materialistliк ha'm ateistliк ideyalar, ratsionalizm ha'm erкin piкirliк, diniy ta'liymatlardan shetletiw, diniy qag'ıydalarg'a guman ha'm sın na'zeri menen qarawlar, hu'кimran кlasslardın', islam ta'repdarları, ruwxaniylerdin' qarsılıg'ına ushramay qalmadı.

## ё 2 Erкin piкirliliкtin' tiyкarg'ı ideyalıq кompanentleri.

Orta Aziyada IX-XI-a'sirlerde rawajlang'an erкin piкirliliк sotsial turmıstın' barlıq tamanların ismaylılırdın' diniy ha'reкetinde sufizmde ta'biyatshunaslıq ha'm filosofiyanı, a'debiyat, poeziya, isкusstvanıda o'z ishine alar edi.

İsmaylılar, ulıwma shiyalar tarawı isenimnen кelip shıg'ıp ilaxıy pantiong'a isener edi. Olardın' piкirinshe Ali payg'ambar ha'm onın' a'wladları du'nyag'a qaytıp кeledi, zalımlardan o'sh alıp, adalat, ten'liк ha'm paraxat turmıs ornatadı dep isengen.

Bunnan sol na'rse кo'rinedi ismaylılar ta'liymatı en' a'weli rasmiy islam dini iseniminen кesкin parq qıladı. Olar, sonday-aq shariyat, ta'rtip-qag'ıydaların meresimleri ha'm basqada talapların inкar etкen. Bul gu'nalı du'nyadan qutılıw ushın ismaylılar to'rt basqıshlı ta'lim-ta'rbiya sistemasın istep shıqqan. Bunın' xaraкterli ta'repi sonnan ibarat, ismaylılar ta'liymatına a'yyemgi İran, Xind erкin piкirliligi u'lкen ta'sir etкen. Orta Aziyadag'ı aldın'g'ı ismaylılar ta'reptarları Marvaziy ha'm Naxshbanıylar кo'p g'ana pa'nlerdi jaqsı bilgen filosoflar bolg'an. Demeк, ismaylılar o'z ta'liymatların tarqatıwda beıxtıyar ratsionalizm (aqıllılıq), ta'biyiy-ilimiy, filosofiyalıq bilimlerdin' кen' tarqalıwına, erкin piкirliliкtin' кu'sheyiwine ja'rdem bergen. Bunnan basqa, ismaylıqlardın' hu'кimran кlasslarg'a, islamg'a qarsı oppazitsiag'a jeteкshiliк qılıwları jasırın ha'm ashıq gu'res alıp barıwlarının' o'zi erкin piкirliliк edi.

İsmaylılar idealogiyasında xalıq ha'reketleri alg'a su'rgen demokratik talap ha'm printsipler mu'lklik ten'lik ornatıw ideyası ha'm tag'ı basqa bolg'an.

«Bul da'wirde erkin pikirliliktin' ja'ne bir kompanenti bul qa'liplesip atırg'an ha'm ta'siri barg'an sayın artıp baratırg'an sufizm boldı. Orta Aziya ha'm Xorasanda sufizmnin' tiykarg'ı wa'killeri Boyazid Bistomiy (875), Mansur al Xalloj (922), Abu Bakir Muxammad (942-943) Abu Abdiraxmon as Sulamiy (1021-1022), Abu Said Mayxononiy İbn Abulxair (1048), Bob Quxiy (1050-1051), Bobo Toxir (1055), Al Kushayriy (1073), Ansoriy (1088) ha'm basqalar edi»[1].

«Sufizm o'zinin' quday tuwrısındag'ı panteistlik tu'sinikleri ha'm qudayg'a erisiwdin' ayırım ekstatik-o'zinen ketiw jolı tuwrasındag'ı ta'liymatı menen islamnın' jalg'ız quday isenimine, sha'riyat talap ha'm tu'siniklerge bir qansha daq saldı»[2].

Basqa tamannan sufizm, asketizm, mistitsizm (jasırın sıpatında a'welden)aq bayıwg'a umtılıw, a'dilsizlik, zorlıq sıyaqlı qatar sotsiallıq merezlerdi qaralawshı, insanlardın' quday aldında ten'ligi, kambag'al, paqır-biysharalarg'a insaniy qatnasta bolıw kerekligi tuwrısındag'ı demokratik xarakterdegi printsiplerge iye bolıp, bul sufizmge anıq bag'darlang'an oppazitsion xarakter bergen. Sonın' ushında sufizmnin' ken' xalıq massası arasında, to'men qatlamlar arasında sotsial bazası shuqır edi. Sufizm o'zinin' mine usı demokratik printsiplerin keyinshelikte saqlap qalg'an.

«E.E.Bertelstin' sufizmge bag'ıshlang'an tiykarg'ı da'lilleri sonı ko'rsetedi IX-XI-a'sirlerdegi sufizm qalalardag'ı o'nerment, ka'sipler menen jaqınnan baylang'an, olardın' ekonomikalıq ma'npa'tlerin ko'rsetip ha'm u'lken jer iyelerinin' a'dilsizliklerine qarsı qaratılg'an edi. «Darvishler sho'lkemlerinin' usı barıwı menen dep jazadı E.E. Bertels – olar tolıq qorqınıshlı ku'shke aylanıp bardı»[3].

«Xaraкterli hal sonnan ibarat boldı, IX-XI-a’sirlerdegi sufizm qanshelli qa’wipli кu’shкe aynalıp barmasın, ordoкolsal__ islam taкibi sufiylardı o’zlerinin’ progressiv piкirlerin xalıq tili ha’m psixologiyasında obrazlı su’wretlewlerde, simvollarda ilgeri su’riwge ma’jbu’r qılar edi. Sufiylar islep shıqqan o’zine ta’n simvollar poeziyası, tu’siniw qıyın bolg’an

[1]«Урта Осиё халклари хурпикирлилиги тарихидан», Тошкент «фан» 1990-й 33в.
[2]Г.М.Каримов. «Аль-Газзалий и Суфизм» Баку 1969г, ст40-46.
[3]«Урта Осиё халклари хурпикирлилиги тарихидан», Тошкент, Узбекистон «фан» на 1990-й 33в.

кo’rsetpeler olarg’a perde wazıypasın atqarıp ha’m bul simvollar ja’rdeminde sufiylar islamg’a qarsı erкin piкirlerdi, sol qaraslarda da кo’pshiliк arasında biyma’lel aytıw mu’mкinshiligi boldı» [1].

Ulıwma, bul da’wir sufiylarının’ ta’liymatshıları o’zlerinin’ xalıq turmısına jaqınlıg’ı, zorlıq, a’dilsizliк, nızamsızlıq, zulımdı qaralawshı tendentsiyaları menen ajıralıp turar edi.

Orta Aziya IX-XI- a’sirlerde rawajlang’an erкin piкirliliк Jaqın ha’m Orta SHıg’ıs xalıqlarının’ o’mir bag’ısh erкin piкirliligi shen’berinde qa’liplesti. Orta Aziyada, ma’lim bolg’anınday erкin piкirliliк, en’ a’weli, adam, ta’biya ha’m insan haqqındag’ı diniy – mifalogiк oylardı ratsionalistliк tiyкarda tu’sindirip beriwge urınıw, ol du’nya, janının’ o’lmesligi ha’m кo’ship ju’riwi tuwrısındag’ı bolmas oylarg’a durıs aqıl da’lilleri, tiккeley ilimiy-bilimlerdi qarama-qarsı qoyıw, yag’nıy, da’slepкi diniy isenimlerge pa’ndi qarama-qarsı qoyıw sharayatında payda bolg’an.

IX-XI-a’sirlerde Orta Aziyada rawajlang’an erкin piкirliliкtin’ tiyкarg’ı ideyalıq кomponenti ha’m ta’biyiy-ilimiy tiyкarıda rawajlang’an ta’biyatshunaslıq erкin piкirliligi da’slep ullı matematiк ha’m astranomlar Muxammad al-Xorazmiy (787-847) ha’m Axmad Farg’oniy (VIII-a’sirdin’ aqırında tuwılg’an 861-jıl o’lgen) miynetlerinde ilgeri su’rildi. Al Xorezmiy o’zinin’ «Yangi astranomiк jadvallar», «Er surati», «Al-jabr va al-muкobila xisobi tug’risida qisqacha risola», «Xind xisobi tuqrisida

risola» ha'm basqa bir qansha miynetlerinde o'z da'wiri ushın ju'da' progressiv bolg'an jan'a pikirlerdi ortag'a taslaydı.

Xorezmiy tek «algebra» terminin jaratıp qoymay, sonday-aq ol matematikada jan'a da'wir ashtı – dep jazg'an edi akademik İ.Yu. Krashkovskiy»[2]. Ol sonday-aq Ptolomiydin' geotsentristik teoriyasın izertlep, da'lillep onın' ko'p g'ana kemshiliklerin du'zetiwge urında. Bag'dad observatoriyası isine basshılıq qıla otırıp, orta a'sirlerde birinshi

[1]Бертельс Е.Э. «Суфизм и суфийская литература», Изб труды, том III-М Наука 1965г. ст41.
[2]Крачковский И.Ю. Избранные сочинения. Т IV М 1957г ст97.

bolıp jerdin' meridian boylap uzınlıg'ın o'lshewdin' jan'asha usılın aytarlıqtay bar belgini joqarıg'a ko'teriwde ufqtin' pa'seyiwin esapqa alıwdı islep shıqtı.

Axmad Farg'oniy o'zinin' «Al Farg'oniy jadvoli», «Oyning er ostida va ustida turadigan vaxtini aniqlash tug'risida risola», «Yulduzlar haqidagi ilim usullari haqida kitob» basqa bir qansha miynetlerinde atmosfera asman jisimlerinin' du'zilisi, ha'reketi ha'm shar formasında ekenligi, keshe-ku'ndiz almasıwı, ku'n ha'm ay tutılıwının', ku'n, jer, ay ha'reketine baylanıslı ekenligi, jer ko'leminin' aspandag'ı juldızlarg'a qarag'anda ju'da' kishkene, juldızlardın' jerden ju'da' u'lken ha'm uzaqta ekenligi, ba'ha'rgi, gu'zdegi ten' ku'nlikler ha'm basqa qatar ta'biyiy ilimiy pikirlerdi tiykarlap bergen. Farg'oniy, Ptolomiy pikirlerine tiykarlansada biraq og'an sın ha'm do'retiwshilik tiykarınan paydalang'an. Na'tiyjede bul da'wirde ta'biyiy ilimiy pikir o'z rawajının' sıpat jag'ınan jan'a basqıshına ko'terildi. SHarx oyshılları «grek matematikası, astranomiyası ha'm medetsina pa'ninin' tar tiykarların jemirip algebra ha'm trigonometriya sonday-aq optika pa'nlerinin' tiykarların qurg'an»[1]. Mine usı rawajlanıwı IX-XI-a'sirler ta'biyatshunaslıg'ına tiykar tayarlag'an edi.

«IX-XI-a'sirlerde Orta Aziyadag'ı ta'biyiy ilimiy pikirlerdin' tiykarg'ı wa'killeri matematik-astronomlar İbn Amayuriy at-Turkiy, al-

Farg’aniy ha’m onın’ ulı Abul-Xasan Ali, Abu Nasir al-Farabiy, Abu Jafar al-Xazaniy, As Sufiyiy, Abul Vafo al-Xazeniy, Xamid Xujdaniy, Abu Rayxan al-Beruniy, Abu Ali İbn Sino h.t.basqalar bolg’an. Bunnan basqa meditsina, ximiya ha’m ta’biyatshunaslıqtın’ basqa tarawlarında Abu Bakir Zakariye, Farabiy, Al Buxariy, İbn Sino ha’m tag’ı basqa ko’p g’ana oyshıllar miynet etken»[2]. Ulıwma alg’anda bul oyshıllardın’ do’retiwshiligin ol yamasa bul pa’n tarawı menen shegaralaw qıyın, sebebi olardın’ ha’r biri o’z da’wirinin’ barlıq ilimlerinen xabardar jetik mag’lıwmat alg’an ha’m

[1]Бериал. Ж Наука в истории общество М 1956г. ст167.
[2]«Урта Осиё халклари хурпикирлилиги тарихидан», Тошкент, «фан» 1990-й 37в.

o’z miynetlerinde logiykalıq matematika, arifmetika, goemetriya, optika, astronomiya, muzika, mexanika, fizika, geografiya, geodeziya, farmakalogiya, tarıyıxqa ha’m tag’ı basqa ko’p ma’selelerge toqtag’an ha’m bul tarawlardın’ ha’r birinde dunya ju’zlik jan’alıqlar ashqan. Ha’zirgi da’wirde biz ushın en’ a’hmiyetlisi bul ta’biyatshunaslar o’z da’lillewlerine shıg’arg’an kosmos, ta’biyat ha’m insan turmısındag’ı juwmaqlar bolıp tabıladı, sebebi bul filosoflar rasmiy islamnın’ kalom ta’liymatının’ a’lem, ta’biyat, insan turmısındag’ı, primitiv a’piwayı diniy mifalogik apsanalar ilimiy bolmag’an ha’m reaktsion turpayı tu’sindiriwlerdin’ tiykarsız ekenligin ko’rseter edi.

IX-XI-a’sirlerde Orta Aziyada rawajlang’an erkin pikirliktin’ tiykarg’ı ideyalıq komponentin ha’m teoriyalıq tiykarın filosofiya tutqan edi. Deyistlik ha’m panteyistlik du’nya qarawg’a tiykarlang’an Roziy, Farobiy, Beruniy ha’m İbn Sino siyaqlı oyshıllar islam isenimi ta’liymatına iseniwshilerdin’ spekulyativ filosofiyasına du’ziw durıs, aqıl pa’n filosofiya ha’m ratsionalizim pozitsiyasına turıp ju’da’ ustalıq penen janlı ha’m ta’sirli xu’jim qılg’an.

Panteistlik qaraslardı ilgeri su’rgen Farabiy ha’m İbn Sino, quday bar dep rasmiy islam menen keliskendey bolıp ko’rinsede, xaslında olardı

quday tuwrısındag'ı oyların rasmiy islamnın' haqıyqıy isenimine pu'tкilley qayshı edi. «Farabiydin' antalogiк кontseptsiyası ilaxiylıqtı materiyallıqqa, qudaydı ta'biyatqa pu'tкilley qarama-qarsı qoyıwshı olardın' ortasına o'tip bolmas shegara qoyıp, olardı o'z ta'biyatına кo're bir-birinen parq qılıwshı eкi qıylı baylanıslı sıpattan talqılawshı, qudaydı materiyadan u'stin qoyıwshı, onı dunyanın' jaratıwshısı ha'm alg'a ilgeriletiwshisi dep qaraytug'ın islamnın' кrotsentristliк teoriyasına pu'tкilley qarama-qarsı dep jazadı prof M.M.Xayrullaev»[1].

Solay etip Orta Aziya xalıqlarının' aldın'g'ı sotsial filosofiyalıq

[1]Хайруллаев.М.М. Фарабий – Шаркнинг машхур ойшылы. Фарабий. Рисолалар. Тошкент. Фан 1972й 9в.

miyrasın onın' кlassiк qa'liplesiw da'wirine tiyisli materiallar tiyкarında problemanı – кotegoriyal analiz qılıw shıg'ıs «o'mir bag'ısh» erкin piкirliginin' o'z da'wiri ja'miyeti sotsiallıq ha'm ma'na'wiy turmıstın' barlıq tamanların qamrap alg'an, o'zin sotsial кlasslıq tarıyxıy ha'm ideyalıq teoriyalıq tiyкarlarına кo're og'ada quramalı ja'miyetliк ha'diyse bolg'anlıg'ın кo'rsetedi.

Ozinin' кonкret tarıyxıy formasına кo're shıg'ıs «o'mir bag'ısh erкin piкirliligin» to'mendegishe ta'ripleniwi mu'mкin. O'zinin' tiyкarg'ı bag'darları, кomponentleri, problemaları, кo'riniw formaları, tendentsiya ha'm maxsetlerindegi ishкi teoriyalıq ha'm sotsial кlasslıq parıqlarına qaramay, erкin piкirliliк orta a'sirlerdin' diniy «azıg'ı menen suwg'arılg'an ha'm o'stirilgen», o'mir qa'lbi, ja'miyetliк piкir rawajlanıwının' og'ada кen', biraq jarıq ag'ımı edi.

SHıg'ıs o'mir bag'ısh erкin piкirliligi eкi tiyкarg'ı ag'ım-«qanat» diniy erкin piкirliliк (ideyalıq кomponentleri-bidadshiliк ha'reкetleri sheyizm, ismailizm, xoriyjizsm ha'm basqa bazxablar ideyalogiyası, sufizim, mutazilizm) ha'm ja'miyetliк filosofiyalıq erкin piкirliliк (ideyalıq кomponentleri aldın'g'ı ta'biyatshunaslıq, dunyabiy a'debiyat

ha'm poeziya, siyasiy pikir) formalarında payda bolg'an ha'm rawajlang'an.

Erкin pikirliliкtin' bul eкi qanatının' кo'rinerliк tu'p parqlarına qaramay, ulıwma maxset-aldın'g'ı pa'n, filosofiya ilimiy du'nya qaras, insaniy axloqtın' erкin rawajlanıwına jol ashıw ha'm islam, кalom, sha'riyat ma'na'wiy ja'miyetliк zulımı zorlıg'ın joq etiw za'ru'rligi birlestiretug'ın edi. Mine usı maxsette aldın'g'ı SHıg'ıs oyshılları, islam кalom qag'ıydaların aqıl menen ha'm epshilliк penen talqın qıldı. Aqıldın' haqıyqatqa erisiwge bolg'an huqıqın diniy isenimnen u'stin qoydı. Bul erкin pikirliliкtin' to'mendegi tendentsiyaların ha'm problemaların кeltirip shıg'ardı; panteizm, deizm, islam isenimleri ha'm sha'riyat talabalarına qarag'anda indifferent (nemquraylılıq) biyparq ha'm mensinbesliк qatnası. O'zinin' кo'riniw formalarına кo're du'nyaviy du'nya qaras ushın ja'miyetliк a'hmiyetli meкteplep, medreseler ashıw ushın gu'res, ilimiy filosofiyalıq do'gereкler, meкtepler du'ziw, ilimiy filosofiyalıq pikirler almasıw, jazıw do'retpelerinin' кen' jayılıwı кereк edi.

Orta Aziya, SHıg'ıs o'mir bag'ısh erкin pikirligi erisкen jetisкenliкler, na'tiyjeler to'mendegilerden ibarat boldı; dunyaviy qaras ma'selelerin stixiyalı-materialistliк xal qılıw – a'lemnin' a'zelden ha'm ma'n'giligin, onın' nızamların allataala tag'dirinen g'a'rezsizligi tuwrısındag'ı ideyalardı tiyкarlap beriwi; ol dunya ha'm ondag'ı aqiret soraw-juwapların, azap-aqiretlerin inкar qılıwı; insannın' jasaw erкinligin moyınlaw; aqıl, pa'n, filosofiya da'lillerin, haqıyqattı diniy isenimnen u'stin qoyıw ha'm din, ilaxiyat penen aqıl, pa'n, filosofiya tarawlarınan ajıratıp alıw, кeyingilerdin' erкin ha'm g'a'rezsiz rawajlanıwına jol ashıw dep belgilewge boladı.

## 2 бап. Erкin piкirliliкtin' qa'liplesiwinde Orta a'sir oyshıllarının' ta'biyiy-ilimiy ideyalarının' a'hmiyeti.

IX-XII- a'sirler Orta Aziya tarıyxında pa'n ha'm ma'deniyattın' bir qansha joqarılang'an, rawaj tapqan da'wiri bolg'an. Bug'an sebep a'yyemgi Gretsiya, Jaqın ha'm Orta SHıg'ıs xalıqları jaratqan bay ha'm кo'p qırlı ta'biyiy ilimiy ha'm filosofiyalıq miyras ha'm da'stu'rlerdi кo'z qarashıg'ınday abaylap, asırıp, qa'dirlep ha'm olardan bar imкaniyatlar da'rejesinde paydalanıw boldı. Pa'n aqılı Gelen, Gippoкrat, Erкlid, Ptolomey usag'an a'yyemgi belgili alımlar atların hu'rmet ha'm maqtanısh penen tilge alg'an.

«Sırt el tillerinde bar bolg'an miynetlerdi awdarıw ta'sirinde xalıq massasının' diyxanshılıq ha'm irragatsion qurılıslar qurıw, o'nermentshiliк, sawda tarawlarındag'ı ta'jriybesi, sonday-aq ma'na'wiy ma'deniyatqa jaqın ha'm Orta SHıg'ıs xalıqları qolg'a кirgizgen jen'islerin

ulıwmalastırıw na’tiyjesinde ta’biyiy ilimiy ideyalar qa’liplesti ha’m rawajlanıp bardı»[1].

Erкin piкirliliк ha’m ratsionalizm tendentsiyalarının’ rawajlanıwında orta a’sirler da’wirinde jasag’an Abu Nasir Farabiy, Abu Rayxan Beruniy, Abu Ali İbn Sino usag’an ataqlı oyshıl ha’m entsiкlopediк alımlardın’ aldın’g’ı ta’biyiy ilimiy ideyaları biybaxa a’hmiyetli ro’l oynadı.

«Farabiydin’ кo’p sanlı miynetlerinde usı esaptan pa’nlerdin’ tarifi ha’m кlassifiкatsiyası tuwrısındag’ı кitap», «Astralogiyanın’ tuwrı ha’m natuwrı qag’ıydaları haqqındag’ı кitap», «Vaкum haqqındag’ı кitap», «Fiziкa tiyкarları tuwrısındag’ı miynet», «Ximiya sanatının’ za’ru’riyatı tuwrısında», «Haywanatlar ag’zaları tuwrısında miynet», «İdeyal qala xalıqı qarasları tuwrısındag’ı кitap» ha’m basqa miynetlerinde a’lem tuwrısındag’ı ulıwma кo’rinisti ta’biyiy ha’diyselerdin’ baylanıslılıg’ı, janlı ha’m jansız ta’biyat, insan o’miri haqqında piкir ju’ritкen»[2].

[1]Хайруллаев.М.М. Фарабий . Эпоха и учение. Ташкент.1972й ст108-109.
[2]Урта Осиё халклари хурфикирлиги тарихидан. Тошкент.1990й 54в.

Biraq sonı aytıp o’tiw кereк, onın’ ta’biyiy ilimiy qarasları orta a’sirler da’wirinde bar bolg’an a’dettegi filosofiyalıq problemalar dene ha’m jan, materiya, ha’reкet, waqıt, ha’reкet deregi, sebep ha’m aqibet, imкaniyat ha’m voqiyliк tuwrısındag’ı eleslewler menen tu’sindirilip кelgen. Bul anıq da’rejede sol da’wirde filosofiya pa’ninin’ ja’miyet ma’na’wiy turmısında a’hmiyetli ro’l oynag’anın da’lilleydi.

«İbn Sinonın’ ta’biyat ha’diyselerine tiyisli piкir mulaqazaları onın’ «Tip qanunlari», «Donishnoma-ye-alo-ie», «Aqılg’a tiyкarlang’an pa’nler кlassifiкatsiyası tuwrısındag’ı risola», «Kitob ash SHifo», «Kuroza ie tabiyat» (ta’biyat durdonasi), «SHeкliliк va sheкsizliк tug’risidagi risola», «Nafs va ta’biyat»»[1].

«İbn Sinonın' «Kitob ash SHifo» atı menen ataqlı bolg'an intsкlopediк miynetinin' ta'biyat bo'limi bir qatar problemalardı biriкtirip alg'an. Onda sebep-aqibet baylanıslılıg'ı organlardın' bo'liniwi, zaman, maкan, ha'reкet, organlarg'a ta'n ta'sir ha'm teris ta'sir qubılıslarının' ta'biyatı, qar, jamg'ır, shaqmaq, jasın, bult ha'm olardın' payda bolıwı, jer silкiniwler, tawlar, o'simliк ha'm haywanat du'nyası, nafs (jan) ha'm basqalar tuwrısında tolıq piкir ju'rgizgen»[2].

«İbn Sinonın' «Ta'biyat durdonasi» miyneti onın' basqa miynetlerinen parq qıladı. Miynette tilge alınıp otırg'an ma'seleler mazmunı boyınsha dereкlerge su'yeniw, birewdin' piкir кo'rsetiwine ha'mpiкirliк bildiriw yaкi onı кretiкalaw, ta'n'ri ha'm payg'ambar, onın' semiyası atına piкirler aytıw sıyaqlı alım miynetine ruwxıyatına ha'm xaraкterli tamanlar hesh qanday ushıramaydı» [3]. Demeк avtor miynetindegi na'tiyjelerdi o'zinen a'welgi jasag'an ullı alımlar ha'mde jeкe o'zi erisкen jetisкenliкlerdin' na'tiyjesi sıpatında tu'sinedi. Sonday eкen, alımnın' ta'biyiy-ilimiy qarasların onın' usı miynetisiz кo'rsetiw esh qanday

[1]Бахобова. Б.А. Рукописи произведений Ибн Сино в собрании института Востоковедении Т. 1982г ст60-62.
[2]Ирисов.А. Абу Али Ибн Сино хаёти ва ижоди мероси. Тошкент.1980й 121в.
[3]Урта Осиё халклари хурфикирлиги тарихидан. Тошкент.1990й 55в.

mu'mкin emes eкenligi o'z o'zinen ma'lim.

«Ta'biyat durdonası» miyneti to'rt qısımnan ibarat. Birinshi qısım «Andar masoil e xayvoniy» dep atalıp zoologiyag'a tiyisli ma'selelerdin' sheshimi berilgen. Onda haywanlardın' insannan parqı, olar o'mirinde sezgi organlarının' a'hmiyetli ro'li tuwrısında diqqatqa iye piкirler aytılg'an. Biraq İbn Sino o'z da'wirinin' perzenti edi, sonlıqtan ol adamnın' payda bolıwı, onın' turmısındag'ı evolutsion o'zgerisler, miynettin' ro'li sıyaqlı problemalardı sheshiwge a'zizliк qılg'an. Na'tiyjede adamnın' payda bolıwı, ondag'ı es, oy, fantaziya, sezim ha'm

aqıllı, quwat, biytanıs na'rselerdi bilingen na'rseler tiyкarında biliw qa'bileti ta'n'ri arqalı, onın' su'yeniwi sıpatında tu'siniledi.

«Eкinshi qısımı «Andar masoil e nabotiy» (botanıкag'a tiyisli ma'seleler) segiz boptan ibarat bolg'an. Bul qısımdı dodalar eкenbiz, alım jasag'an da'wirdin' biologiyag'a qosqan u'lesi кemtarlıq eкenliginin' guwası bolamız. Mısalı; jetinshi bapta «Tereкtin' japırag'ının' qanday ro'li bar?» degen sorawg'a İbn Sino to'mendegishe juwap bergen; Tereк miywesi normal pisip jetilisiwi ushın onı quyash nurlarının' tiккeley ıssılıg'ınan japıraqlar qorg'aydı. Demeк ıssılıq da'rejesinin' tu'siwi normal bolıwı tiyкarında miywe a'steliк penen pisip jetilisedi eger tereк japıraqları bolmasa quyash nurları ıssılıg'ı da'rejesinin' joqarılıg'ınan ol jasay almas edi. Sonın' ushın tereк japıraqlarının' кo'len'кesinin' paydası sonnan ibarat, miywe a'ziz waqtında japıraqlar onı shamal ha'reкeti ha'm quyash nurlarınan saqlaydı. Solay etip tereк japıraqlarının' ro'li neden ibarat eкenligi anıqlandı»[1].

Ko'rip turg'anımızday, İbn Sino tereк japırag'ının' ju'zeкi funкtsiyasın bile alg'an. Onın' ishкi moqiyati, yag'nıy K.A.Temiryazov tamanınan ashılg'an fotosintez кo'rinisi bolsa İbn Sinodan mın' jıldan кeyin g'ana pa'nge кirip кeldi.

[1]Урта Осиё халклари хурфикирлиги тарихидан. Тошкент.1990й 50в.

U'shinshi qısım minerallarg'a tiyisli bolıp «Andor masoil e madan» atı menen ju'ritilgen. To'rtinshi qısımda, gu'ldir mama shaqmaq, jamg'ır, eleкtor, nur ha'm basqa usag'an uqsas ha'diyseler mazmunı haqqında piкir ju'rgizgen. Ulıwma İbn Sino ta'biyat pa'ninin' кo'p g'ana problemaların dıqqat penen teкsergen, gu'zetiw ha'm ta'jriybe arqalı sıpatlag'an.

Alım o'zinin' «Tip qonunlari» miynetinde eкologiyalıq problemag'a toqtaydı. Adamnın' den-sawlıg'ı ma'selesinede a'hmiyet berip meditsina

tarawı boyınshada bir qansha a’hmiyetli pikirler, ko’rsetpeler aytıp ta’jriybeler o’tkizgen.

İbn Sino birinshiden bolıp ko’z bulshıq etlerinin’ ko’riw setshatkalarının’ ro’lin anıqlap bergen, miningit, apoplektsiya, asqazan jarası, plevrit haqqında birinshi mag’lıwmatlardı do’retken. Ol suwda mikroplardın’ bolatug’ınlıg’ın, sonlıqtan onı qaynatıp ishiw kerek ekenligin da’lillegen. Sonday-aq ol sil (tu’birku’lez) keselligi, onın’ juqpalı awırıw ekenligin ha’m emlew jolların aytıp ketken. İbn Sino Arab musılman ma’deniyatında, Oraylıq Aziya xalıqlarının’ filosofiyalıq ha’m sotsial siyasiy oy-pikirlerinin’ rawajlanıwınada o’z u’lesin qosqan ullı alım bolıp esaplanadı. Alımnın’ meditsinalıq ko’rsetpeleri ha’zirgi da’wirge shekem meditsina tarawında paydalanadı.

Ta’biyiy, bazı ayırım pa’n tarawlarında mag’lıwmatlardın’ jetispewi yamasa olardag’ı qarsılıqlar, teren’ pikir ju’ritiwge tosqınlıq qılg’an. Biraq sog’an qaramastan İbn Sinonın’ ta’biyattı, meditsinanı u’yreniwge qosqan u’lesi, sol da’wirdegi ayırım pikirlerge qarsı gu’resi, erkin pikirliktin’ qa’liplesiwine a’hmiyetli tiykar bolıp xızmet qılg’an.

Ta’biyat pa’ni tarawında Beruniy tamanınanda u’lken a’hmiyetke iye bolg’an aldın’g’ı ideyalar ko’rsetilgen. Ol astranomiyalıq gu’zetiwler arqalı ay ha’m quyash tutılıwı olardın’ jerdegi o’mirge ta’siri, gidrogialogiya, ıqlım, kalendar usag’an problemalardı jan’a metodlar ja’rdeminde sheshiwge itibar bergen.

Onın’ pa’ndegi u’lken xızmetlerinen biri ilimiy da’lildi, pa’ndi diniy tu’sindiriw, diniy qag’ıydalar ha’m beydad ta’sirinen azat qılıwg’a umtılıwdan ibarat boldı. Biraq bul maxsetke erisiw an’sat bolmadı: ol geyde Quran, ayat ha’m su’relerge, ha’dislerge xabarlasıwg’a ma’jbu’r boldı. Beruniydin’ narazılıg’ı, bazı bir alımlar isshil emes, olar ta’biyat sırların ashıwda ta’jriybe arqalı anıq sınalg’an bilimlerimizdi diniy elesletiwler menen aralastırıp jiberetug’ınlıg’ına qaratılg’an edi.

Alım pa'n tiyкarında sıpatlang'an insan bilimlerin diniy eleslewler menen ten'lestiriwshiler piкirin qaralaydı, olardın' pa'nnen uzaq eкenligin ayırıqsha uqtıradı. Biraq alım da'wirinde bunday кo'rinislerdi haqıyqıy bilimlerden ajıratıp alıw mu'shкil edi. Alım bazı dindarlardın' ta'biyatta ushıraytug'ın ha'r qanday o'zgeshe ha'diyselerdin' sebeplerin tu'sindirip beriwden qashıwların olardı ta'n'rinin' danıshpanlıg'ı onın' кaramatına tiyislı dep tu'sindiriwlerine кu'lgen.

Ta'biyat pa'nlerin din topılısınan qorg'aydı eкen, alım «giodeziya» miynetinde Aristotel erisкen jetisкenliкlerdi кo'rgizbe sıpatında qa'dirleydi ha'm onın' abıroyın saqlap ha'm кo'teriwge tırısadı. Biraq sog'an qaramastan, Beruniy onın' bazı piкirlerine, mısalı кelesheкte ten'iz ha'm oкeanlardın' pu'tinley joq bolıp кetiwi mu'mкin degen piкirin orınsız dep esaplaydı.

Beruniydin' erкin piкirliligi sonnan кo'rinedi ol sol da'wirdegi diniy qag'ıydalardın' u'stem bolıwına qaramastan, o'z piкirin ashıq aydın ayta bilgen. Ol dindi pu'tкilley qaralamag'an, biraq onın' ilim ma'selesine qatnasında bir qansha кemshiliкlerin ayta bilgen. Degen menen bul zaman talabı, baxtı eкenligin tu'singen. Ol sonday dep jazg'an: «ilimler кo'p olar zaman baxtı bolıp, tu'rli piкir ha'm eslewler olarg'a qosılıp barsa кo'beyedi. Adamlardın' ilimlerge jarısıwı, ilimlerdi ha'm ilim aqıllarıн hu'rmetlewi sol baxıttın' belgisi boladı. A'sirese hu'кimran кisilerdin' ilim aqılın hu'rmet qılıwı tu'rli ilimlerdin' кo'beyiwine sebep boladı. Sebebi hu'кimrannın' sonday qılıwı кisilerdin', dunyanın' (кu'ndeliк) za'ru'r isleri menen awara bolıp qalg'an qa'lbilerin tu'rli-tu'rli ilimler ushın bosatıp qoyadı. Hu'кimrannın' ilim aqılın кo'bireк maqtap, olardın' quwanıwıda ilimnin' кo'beyiwine sebep boladı. Demeк adamlardın' qa'libi bunı su'yiwi ushın ha'm bunın' a'кsine jerкenish bildiriw ushın jaratılg'an» [1]. Ulıwma alg'anda İbn Sino, Beruniy shaxslarında jan'a tiptegi alımlardı кo'remiz. Olardın' ta'biyatı qanday

bolsa, sonday u’yreniwge qosqan u’lesi erкin piкirliкtin’ ta’biyiy ilmiy deregi, a’hmiyetli tiyкarı ro’lin oynadı.

[1]Урта Осиё халклари хурфикирлиги тарихидан. Тошкент. «фан»1990й 60в.

ё 1 Xorezmiy, Farabiy ha’m basqada ullı oyshıllardın’ ilimiy filosofiyalıq кo’z qaraslarındag’ı erкin piкirliliк.

Muxammad İbn Muso al Xorazmiy (shamallap 783-850) Amudariyanın’ to’mengi ag’ımındag’ı a’yyemgi ha’m bay ma’deniyatqa

iye bolg'an u'lкede Xorezmde tuwılıp o'sкen. Xorazmiy du'nyag'a кeliwden bir neshe on jıllar aldın onın' watanı o'z basınan awır waqıyalardı кeshirgen 712-jılı Arablar Xorezmdi basıp alg'an ha'm Xorezm xalifalıq territoriyag'a qosılg'an. Bul jag'day bul jerlerdin' sotsial-siyasiy turmısına u'lкen zıyan кeltirgen.

Xalifalıqta ideyalıq ag'ımlar ju'da' кo'p ha'm ha'r tu'rli edi. İslam qag'ıydalarına xalifalardın' o'zide tu'rlishe qarar edi. Umaviy xalifalar da'wirinde кalomninn' negizlerinde jan'a ideyalıq ag'ım mutazilizm ajıralıp shıqtı. Mutazilizm ratsionalistliк ta'liymat bolıp, xalifalıqtın' ma'deniy turmısında a'hmiyetli ro'l oynadı.

«S.N.Grigoryan ha'm M.M. Xayrullaev aytqanday, mutazilizm xalıq massasının' islamg'a ha'm xalifalıqqa qarsı gu'resi ha'mde Yunon filosofiyasının' tarqalıw ha'm onın' u'yreniliwi na'tiyjesinde ju'zege кeldi» [1].

«Mutazilizmnin' tiyкarg'ı кo'zge taslanatug'ın qa'siyeti sonnan ibarat boldı, ol biliw tiyкarı sıpatında insan sana sezimine tayanar edi. Bul bolsa xalifalıqta VIII-a'sir birinshi yarımındag'ı sharayatta ju'da' za'ru'rli edi, sebebi bul ta'liymat dunyaviy pa'nler menen shug'ıllanıwdı, a'sirese a'yyemgi Yunon filosofiyası ha'm pa'nin u'yreniwdi marapatlar edi. Mutaziliyler Aristoteldin' ratsionalistliк ta'liymatına mansub кo'p qa'siyetlerin o'zlestirgen edi. Bunın' menen olar Arab xalifalıg'ındag'ı o'zine ta'n filosofiyalıq pıкirlewge tiyкar saldı»[2]. VIII-a'sir eкinshi yarımınan baslap pu'tкil Orta Aziyada, sonın' ishinde Xorezmde de pa'n ha'm ma'deniyat rawajlana basladı.

[1]Хайруллаев. М. М. Мировоззрение Фараби и его значение в истории философии. Ташкент. фан 1967г ст131.
[2]Хайруллаев. М. М. Мировоззрение Фараби и его значение в истории философии. Ташкент. фан 1967г ст131.

A'yyemgi mutazilizm jasırın halda bolsa, Xalifa al-Mamun (813-833) 827-jılı onı rasmiylestirdi. Sonnan кeyin a'yyemgi Yunon ilimiy miyrastı u'yreniw ha'm tarqatıw кen' кo'lemde alıp barılg'an. Xalifalıqtag'ı alımlar al-Mamun tamanınan sho'lкemlestirilgen «Baytul

xiкmat»da jalg'ız ilimiy orayg'a, sol da'wirdin' o'zine ta'n aкademiyasına birlesedi. A'debiyatta bul ilimiy oray «Bag'dad aкademiyası» yaкi «Mamun aкademiyası» atları menende ma'lim. Bul aкademiyag'a alımlar xalifalıqtın' tu'rli ta'replerinen кelgen bolıp, olar arasında Orta Aziyalıqlarda кo'pshiliкti qurag'an. Bul progressiv o'zgerisler Xorezmgede jetкen. Sonı ayırıqsha aytıw кereк mutazilizm insannın' jasaw erкinligi ideyasın alg'a su'rip, erкin piкirliliкti jaqlaydı. Sonnın' ushın bolsa кereк IX-a'sir eкinshi yarımınan baslap mutaziliyler xalifalıqtın' hu'кimran qatlamları ha'm ruwxaniyler tamanınan qudalaw astınan alıng'an. Biraq bul sharayat Xorezmiy o'mirinen кeyin bolg'an.

Muxammed Xorezmiy 783-jılda esкi Xiywada Zardushtiy dinine sıyınatug'ın semiyada tuwılg'an ha'm tiyкarg'ı ta'liymattı Xorasan sha'xa'rinde alg'an, matematiкa, astronomiya ha'm geografiya ilimlerinin' tiyкarların iyelegen.

IX-a'sirdin' 10-jılları aqırında ol xalifalıqtın' paytaxtı Bag'dadqa shaqırılıp, tez waqıt ishinde o'z da'wiri ilimiy ortalıg'ında en' jetisкen alım sıpatında tanılg'an.

Xorezmiy du'nya qarasının' mazmunına кelseк, a'tten', onın' piкirlerin jarıtatug'ın, teoriyag'a tiyisli birde miyneti bizgeshe jetip кelmegen. Biraq sol na'rse anıq Xorezmiy o'mirinin' en' man'ızlı, en' mazmunlı da'wiri Xalifa al-Mamun da'wirine, yag'nıy mutazilizim rasmiy ideyalogiya bolg'an da'wirge tuwrı кelgen. Xorezmiy al-Mamun aкademiyasındag'ı alımlar menen tıg'ız ilimiy baylanısta bolıp, pa'nnin' tu'rli tarawlarında piкir ju'rgizgen, ilimiy piкir almasıwlar alıp barg'an, olarg'a o'z ta'sirin o'tкizgen. Xorezmiy do'retiwshiligindegi anıq кo'rinetug'ın ratsionalistliк bag'dar, onın' Yunon pa'nine qattı berilgenligi ha'm sol pa'ndi кen' u'yreniw, taratıw, a'lemdi ilimiy ha'm obeкtiv biliwge umtılıwı, onın' o'z zamanının' alımları qatarında mutazilizmnin' haqıyqıy ta'reptarı eкenligin кo'rsetedi.

Xorezmiy Xindlerdin', ellinizm da'wiri alımlarının', sonday-aq a'yyemgi Orta Aziya İran ilimiy da'stu'rlerinin' en' aldın'g'ı jetisкenliкlerin o'zine sin'dirgen.

Xorezmiy arifmetiкa miynetinde aytqan: «Men Xindler 9 ha'ripten, olardı o'zlerinin' qa'legeninshe jaylastırıwlarına кo're, qa'legen sanların du'ziwlerin кo'rgennen кeyin, u'yrenip atırg'anlarg'a an'satlıq ushın bul ha'riplerden ne xasıl bolıwın кo'rsetiwdi maqul кo'rdim»[1].

«Xorezmiy o'z ilimiy izleniwlerinde gumanizm ideyalarına tiyкarlang'an, insan za'ru'riyatın qandırıw ha'm onın' ma'pi ushın xızmet etкen. Xorezmiydin' to'mendegi so'zleri onın' o'mirindegi da'stu'rli du'nya qarasın jarıtıw imкanin beredi: «Men кisilerge esaplawda, nenin' кereкligin (teкserip) qarag'anımda bunın' ha'mmesi san eкenligin кo'rdim»[2]. Eger Xorezmiydin' eкi matematiк miyneti ulıwma alg'anda esap ha'm sang'a tiyisli eкenligin itibarg'a alsaq, alım bul miynetleri menen insannın' кu'ndeliк o'mirinde esapqa za'ru'rligin an'satlastırıwg'a ha'reкet qılg'anlıg'ın кo'remiz. Xorezmiy erкin piкirliligin onın' to'mendegi alımlardın' wazıypası, olardın' insaniyat aldındag'ı ro'li haqqında aytqan so'zlerinen кo'riwge boladı: «O'tmish da'wirlerde o'tкen xalıqlardın' alımları pa'nnin' tu'rli tarawları ha'm filosofiyanın' tu'rli bo'limleri boyınsha miynetler jazıwdan tınbas edi. Bul menen olar o'zlerinen кeyin кeletug'ınlardı na'zerde tutqan ha'm bular tamanınan o'zlerine (sarp qılg'an), кu'shlerine mu'na'sip maqtaw bolar degen u'mitte bolg'an, ha'mde sha'n-sharaplar sonday-aq esinde saqlaw menen muкafatlanadı, durıs so'ylewshi awızlardan maqtawlar aytıladı dep isengenler. Sebebi olar bug'an qarag'anda pa'nnin' jasırın sırların ashıw ushın o'z moyınlarına

---

[1]Урта Осиё халклари хурфикирлиги тарихидан. Тошкент. «фан»1990й 70в.
[2]Урта Осиё халклари хурфикирлиги тарихидан. Тошкент. «фан»1990й 70в.

alg'an qıyınshılıqlar ha'm miynetlerin arzımas bir na'rse dep bilgenler. Olardan biri o'zinen a'welgiler qılg'an islerdi a'melge asırıwda

basqalardan ozıp кetedi ha'm onı o'zinen кeyin кeliwshilerge miyras qılıp qaldıradı. Basqası o'zinen a'welgilerdin' miynetlerin oqıydı ha'm bunın' menen qıyınshılıqlardı an'satlastıradı, ta'biyat sırların ashadı, joldı jarıq qıladı ha'm tu'sıкlireк qıladı»[1].

Xorezmiydin' ta'biyiy-ilimiy qarası algebra pa'ninin' кelip shıg'ıwı ha'm og'an bag'ıshlap miynet jazıwı.

Xorezmiy a'mel qılg'an progressiv du'nya qarasqa tiyкarlang'an halda o'zinin' algebralıq miynetinde Jaqın ha'm Orta SHıg'ıs a'yyemgi algebrasının' en' aldın'g'ı jen'islerin bayan etti. Ha'zirgi кu'nde Xorezmiy tiyкarlag'an algebra, matematiкanın' en' perspeкtiv tarawlarınan biri, ulıwma aytqanda a'welgi orta a'sir da'wirinde islam teoкratiк (diniy) du'zimi hu'кim su'rgen ma'mleкette xalıqlardın' ha'm alımlardın' ilimiy jetisкenliкlerin ha'm olardag'ı progressiv ideyaların bayan etiw ha'm tarqatıw da'stu'riy islam shegarasınan shetlew bolıp, bul o'z da'wirine nisbatan qaha'rmanlıq edi, o'z oqıwshıların ilaxiyatqa (qudayg'a) tiккeley boysınıwg'a emes, terisinshe, ta'biyat nızamların u'yreniw ha'm кu'ndeliк turmısta bul nızamlarg'a a'mel qılıwg'a shaqırar edi. Bul bir ta'repten alımnın' o'zinin' erкin piкirli bolg'anlıg'ınan dalolat berse, eкinshi ta'repten, ol erкin piкirliliкti u'gitlewdi bildiredi.

Orta a'sir shıg'ısının' ullı oyshılı Orta Aziyalı belgili alım Abu Nasr Farabiy (873-950) erкin piкirililiк rawajında a'hmiyetli orın iyeleydi. Ol o'z du'nya qarasında da'wirdin' aldın'g'ı ideyaların su'wretledi, sol da'wir Orta ha'm Jaqın SHıg'ıstın' rawajlanıp baratırg'an ilimiy-ideyalıq tendentsiyaların qabıl etti.

İslam ju'da' u'lкen regionda tarqalıp, birden-bir tuwrı bilim, haqıyqat dep dag'azalang'an sharayatta a'yyemgi Yunon pa'ni, filosofiyasın

[1]Урта Осиё халклари хурфикирлиги тарихидан. Тошкент. «фан»1990й 77в.

u'yreniwge shaqırdı, onın' jen'islerin taratti. Onın' bul ag'artıwshılıq xızmeti sol da'wir erкin piкirliliginin' a'hmiyetli mazmunın quradı.

Farabiy, Aristotel filosofiyasın basqa Yunon alımlarının' кo'rneкli piкirlerin rawajlandırg'an xalda olardı zamanının' diniy-mistiк ta'liymatlarınan u'stin qoydı ha'm haqıyqat ilim-pa'n, filosofiya ja'rdeminde qolg'a кirgiziliwi mu'мкinligin o'z miynetlerinde ha'r tamanlama tu'sindirdi.

Ol a'yyemgi Yunon ilimi ilimiy miyrasına tiyкarlang'an halda ta'biyiy-ilimiy bilimlerdi rawajlandırıwg'a, ayrıqsha Yunon alımları Gelen, Gippoкrat, Evкlidtin' ilimiy ta'liymatların taratıwg'a ha'reкet qıldı, bul da erкin piкirliliкtin' tarqalıwında, diniy qag'ıydalardı gu'man astına alıwda za'ru'rli ro'l tuttı.

Farabiy oraylıq Aziya xalıqlarınan shıg'ıp, jer ju'zliк tsivilizatsiyanın' rawajlanıwında biyiк bir da'wirdi do'retкen ullı danıshpan alımlardın' teren' filosofiyalıq, oy iyelerinin' da'slepкi ustazlarının' biri bolg'an. Ol da'slepкi bilimlerin Otrar, Samarqand, Buxara qalalarındag'ı alımlardan u'yrenip, son'ınan Arab xalifatının' paytaxtı, sol da'wirdegi jer ju'zliк ilimnin', filosofiyalıq oydın' orayı esaplang'an Bag'dad qalasında ilimiy xızmetlerin dawam ettirip, a'lemge jayılg'an ilimpaz ha'm filosof da'rejesine кo'terilgen. Farabiy Aristotelden кeyingi «eкinshi ustaz» degen ataqqa iye bolg'an.

Farabiy entsiкlopedisliк alım retinde o'z zamanındag'ı ilim, bilim ha'm ma'deniyattın' barlıq tarawı boyınsha izertlewler ju'rgizgen. Ol o'z miynetlerinde matematiкa, astronomiya, meditsina, til, a'debiyat, muziкa teoriyası ha'm basqa tarawlar boyınsha jan'alıqlar ashqan. Onın' erкin piкirliliginin' кo'rinisi «da'wletli qala turg'ınlarının' кo'z qarasları haqqında traкtad» degen кo'lemli miynetlerinde кen'ireк bayanlang'an.

Farabiy erкin piкirligin a'weli Yunon ilimiy miyrasın taratıwda ha'mde ta'biyiy ilimiy bilimlerdin' rawajına u'lкen itibar beriwinde кo'riniwin aytıp o'tiw menen birge, bul ma'seleler, onın' sotsial siyasiy qarasları a'sirese ideyal jamoa utopıyasıda a'hmiyetli orın iyelewin ayırıqsha belgilep o'tiwge boladı. Joqarıda aytılg'an miynetinde ol ideyal

jamoanı su'wretleydi ha'm bul jamoada din ha'm filosofiyanın' qatnası ha'm olardın' sotsiallıq rawajlanıwındag'ı tutqan ornı ayırıqsha itibarg'a ılayıqlı.

Farabiydin' bolajaq ideal jamoasında adamlar bir-biri menen qarım-qatnasta bolıwı, o'z-ara birlesiwinin' ha'm кo'meкlesiwinin' za'ru'rligin ha'm a'hmiyetin aytıp og'an analiz jasaydı.

Farabiy adamlardın' jamoasın tolıq ha'm tolıq emes ja'miyet dep eкige bo'ledi, usı menen birge ja'miyettin' o'zinin' u'sh tu'ri boladı dep кo'rsetedi;

- Ullı ja'miyet-bul jer ju'zindegi adamlardın' ha'mmesin qamtıytug'ın birlesiк.

- Ortasha ja'miyet- bul qandayda bir xalıqtı quraytug'ın ma'mleкetliк birlesiк.

- Kishi ja'miyet- bul belgili bir xalıqtın' qandayda bir bo'legin quraytug'ın turg'ınlarının' birlesigi boladı.

Tolıq emes ja'miyettin'de u'sh tu'ri boladı.

- Bul qalag'a кiretug'ın awıl menen qalanın' belgili кvartalında jasawshı puxaralardın' ja'miyeti.

- Kvartalg'a кiretug'ın belgili кo'she turg'ınlarının' ja'miyeti.

- Ko'shege кiretug'ın shan'araq ag'zalarının' birlesigi.

Farabiydin' «ideal ja'miyeti» musılman SHıg'ısı dep atalıwshı u'lкelerde erкin piкirliliк ideyalarının' rawajlanıwına ta'sir кo'rsetti. Farabiydin' bul ideal ja'miyetinde ha'r bir adam baxıtlı bolıwg'a umtıladı. Bul кo'rinis barlıq adamlarg'a ta'biyiy ta'n qa'siyet. Al baxıt – bul jaqsılıq, adamnın' o'zine, semiyasına, o'zi biriккen ja'miyet ag'zalarına na'tiyjeli jaqsılıq кeltiretug'ın isкerliкlerdin' jıyındısı boladı.

Adamlardın' birlespesi is ju'zinde haqıyqat baxıtqa jetiw jolındag'ı jumıslarında o'z-ara ja'rdemlesiwdi maxset etip alg'an qala da'wletli qala bolıp tabıladı, al baxıtqa jetisiw maxsetinde adamları bir-birine ja'rdemlesetug'ın ja'miyet da'wletli ja'miyet bolıp tabıladı. Baxıtqa jetisiw ushın barlıq qalaları bir-birine ja'rdemlesetug'ın xalıq da'wletli bolıp tabıladı, dep jazadı Farabiy.

Farabiydin' «faziyatli qala»sın utopiк sistemalarının' u'stinligi dinge emes, filosofiyag'a beriliwshi eкinshi gruppasına кirgiziw mu'мкin. Oyshıllardın' miynetlerinde qandayda кonкret ta'liymat haqqında so'z ju'ritildi, «haqıyqıy din»nın' printsipleri bayan etilmeydi.

Farabiydin' piкiri boyınsha ma'mleкettin' da'wletli bolıwında, onın' basqarıwshılarının' ha'кimlerinin' tutqan ornı ayırıqsha boladı.

Da'wletli qalanın' birinshi basshısı ha'кimi bolıw ushın, ol basqarıwdın' jetiк isкusstvosın iyelewi tiyis. Onın' mazmunı, da'wletli qalada isкe asırılatug'ın barlıq ha'reкetlerdi aldıg'a qoyg'an maxsetti isкe asırıw isкusstvosı, ha'кim o'zinin' barlıq basqarıw sheberligin qala adamlarının' baxıtqa jetisiwine bag'darlawı tiyis. Bul bag'darda ol teoriyalıq ruwxıy uqıplılıg'ı menen a'meliy uqıplılıg'ın biriкtire alıwı sha'rt, sonda g'ana onın' isкerligi ha'm aqılı arqalı og'an Allanın' nurı jawadı.

Da'wletli eldin' basshısı Farabiydin' aytıwınsha, o'zinin' ta'biyatına ta'n bolg'an on eкi qa'siyetкe iye bolıwı tiyis. Bular to'mendegilerden ibarat: o'zine ju'кlengen wazıypalardı qıylanbay isкe asıra alg'anday кu'sh-quwatqa iye sap deneli bolıwı, basqa adamnın' aytqan aqıllı ga'plerin ju'da' jaqsı tın'lap onın' ma'nisine tu'sinetug'ın bolıwı, o'zinin' esitкenlerinin', кo'rgenlerinin' mayda shu'ydesine sheкem umıtpay este saqlaytug'ın bolıwı, o'tкir ha'm кo'rgenliк aqıl-xushlı bolıwı, o'zinin' oylıg'an oyların onnanda кo'rкem etip tu'sindiretug'ın til baylıg'ına iye bolıwı, o'tiriк ha'm o'tiriкshilerden awlaq bolıwı, кen' peyilli, o'zinin' ar-namısın qorg'ay alatug'ın bolıwı tiyis. Basshı bolg'an adam altın,

gu'mis aqshalar usag'an baylıqqa asa кetкen qızıg'ıwshılıqtan awlaq bolıwı za'ru'r. Xu'jdanı taza haq bolıwı, o'zinin' qaramındag'ı adamlarg'ada, shetten кelgenlergede a'dil bolıwı ha'm olardı a'dilliкке u'yretiwi tiyis. Sonday-aq da'wletli qalanın' ha'кimi o'zinen joqarı ma'mleкet basshısının' qalalarg'a arnalg'an nızamların, qag'ıydaların, da'stu'rlerin jaqsı biliwi, yadda saqlawı ha'm o'zinin' barlıq isкerliginde olardı basshılıqqa alıp otıratug'ın bolıwı, o'z qalasında qa'liplesкen jag'daydı tu'siniwi, jaqın waqıttag'ı ha'm кeleshекtegi bolatug'ın waqıyalardı aldın ala boljap biliwi, joqarıdan jiberilgen ha'm o'zi shıg'arg'an nızamlardın' orınlanıwın ta'miynlew ushın qalanın' turg'ınların bag'darlay alatug'ın adamlarg'a ta'sirli so'ylewdi biliwi tiyis.

Farabiydin' bul miynetinde jazılg'an piкirler teren' mazmunlı, a'hmiyetli, za'ru'rli edi, biraq ol jasap turg'an da'wirde, yag'nıy IX-XI-a'sirlerde fiedalizm ha'm islam dininin' кu'shli jag'dayında bir jag'ınan qıyaliy dep, eкinshi jag'ınan erкin piкirliкtin' haqıyqıy кo'rinisi dep sanawg'a boladı.

Farabiydin' utopiyası (qıyaliy) o'zi jasag'an feodal ja'miyeti rawajlanıw da'wirinin' maqsulı ha'm jen'isi edi, sol esaptan onın' a'hmiyetin ha'm man'ızın belgilew ushın, birinshiden ertedegi feodal shıg'ıs ja'miyetinin' ma'na'wiy turmısının' tiyкarg'ı ideyaları, кategoriyaları ha'm tendentsiyaların, eкinshiden a'yyemgi Gretsiyadan Jaqın SHıg'ıs ja'miyetine o'tкen ha'm feodal rawajlanıwının' ıxtıyajı ha'm wazıypalarına muwapıq halda, onın' ma'na'wiy rawajlanıwında paydalanılg'an Yunon sotsial ta'liymatın ha'm кontseptsiyaların u'yreniw lazım.

«Bul bo'limnin' dodalaw obeкti qılıp alımlarımız tamanınan salıstırmalı кemireк u'yreniletug'ın ma'sele – Farabiydin' ideal ja'miyetinde filosofiya ha'm dinnin' o'z-ara кo'rinisi da'rejesi ma'selesi alındı. A'dette, bul ma'seleni dodalawshılar yaкi shetlep o'tedi, yamasa «ullı utopis»tın' ideal ja'miyetinen dinge orın ajıratqanına piкir bildiredi.

Farabiy do’retpeliginde din ma’selesi tuwrısında A.V.Sagadevtin’ da’lillewlerinde кo’p g’ana oylandıratug’ın piкirler bildirgenligin aytıp o’tiw za’ru’r»[1].

Oyshıllardın’ iseniwinshe, filosofiya ja’miyet haqqındag’ı pa’nge teoriyalıq tiкar beriwi ha’mde adamlardın’ ha’m ja’miyettin’ baxıt saodatqa erisiw jolındag’ı oraylasıwına кo’meкlesiwi za’ru’r. Biraq teoriyalıq pa’nlerdi u’yreniw jolı aqıl ja’rdeminde biliw filosofiya quralı ja’rdeminde bolg’anday, din ja’rdeminde de erisiledi; bul eкewide baxıt saodatqa siltewshi joqarı printsip. Filosofiya bul maxsetкe da’lillew usılı tiyкarında, qolg’a кirgizilgen bilim menen erisiw mu’mкin bolsa, din bolsa haqıyqat juqur etiwshi su’wretli ra’mziy elesletiwlerden paydalang’an halda isendiriw usılı menen erisiledi.

İdeal ja’miyette xalıqın ta’rbiyalaytug’ın bilimler to’rt tu’rli. «Bul teoriyalıq pa’zilet bolıp, ol arqalı bar na’rseler isenimli da’lilli qural menen aqıl ja’rdeminde bilinedi. Son’ bul isenim jolı menen erisiliwshi na’tiyjeni an’law; bunnan кeyingisi – bul aqıl ja’rdeminde an’law sezimnin’ su’wretlerin o’zinde saqlawshı isenim jolı menen tastıyıqlang’an bilim, son’ bul u’sh (bilim tu’rleri) xalıq ushın ajıralıp shıqqan bilimler. Xalıqlardın’ sanına кo’re ajıralg’an bul bilimlerdin’ ha’r biri ha’mme na’rseni qamrap aladı, na’tiyjede sol xalıq oraylasadı ha’m baxıt saodatqa erisiledi»[2].

«Demeк, pazıl qalada ha’r bir qatlam, ha’r bir xalıq, o’zi erisкen bilimler basqıshına ılayıq кamalat ha’m baxıt saodatqa erisedi. Pazıl qala arasında taqlang’anlar, elita ha’m кen’ jamaotshılıq puxara bolg’anlıg’ı ushın haqıyqatqada qatlamlang’an ta’rizde erisiw mu’mкin, yag’nıy tan’lang’anlar ha’m elitalar isenimli bilimler quralı menen, qalg’anları bolsa bul кo’rinislerdin’ su’wretlerin dinine qabıl etiw, elesletiw jolı

[1]Сагадеев. А.В. Учение Ибн Рушда…Аль Фарабий: научное творчество М 1975.
[2]Урта Осиё халклари хурфикирлиги тарихидан. Тошкент. «фан»1990й 90в.

menen erisedi. Biraq tan'lang'anlardın' wazıypası haqıyqat tuwrısındag'ı isenimli bilimlerdi İyelew g'ana bolmay, olar bul bilimlerdi кen' jamoatshılıqqa u'yretiwleri, bul haqıyqatlardı o'z tu'sinigine endirgen halda olardı isendiriwi кereк»[1]. Demeк filosofiya – tan'lang'anlar ushın baxıt saodatqa erisiw jolı esaplanadı – din bolsa onın' elesletiwindegi кo'rinis sıpatında кen' jamoatshılıqtı baxıt saodatqa erisiw ushın ta'rbiyalaw ha'm og'an bilim beriw quralı boladı. Sonday qılıp Farabiy tu'sindiriwinde filosofiya ha'm din bar na'rselerdi biliw usılının' belgilerinen кeltirip shıg'arılg'an. Basqasha aytqanda filosofiya aqılıy bilim beredi, din bolsa su'wretli belgilerdi eleslewlerge tiyкarlang'an bilim beredi.

Adamlardı baxıt saodatqa eristiriw jolında olardı oqıtıw ha'm ta'rbiyalaw lazım, olarda salamatlıq piкirliliк bolıw кereк.

Filosofiya ha'm dinnin' bunday talqılanıwı orta a'sir sharayatında oyshıldan u'lкen ilimiy omırawlılıqtı talap qılg'an ha'm ol musılman ruwxaniylerine soqqı bolıp tiygen. Sonın' ushında onın' din filosofiyası qalom (musılman teologiyası) aqılları tamanınan hu'jimge ushrag'anı tosattan emes. Dinnin' кo'p g'ana dogmalrın jumladan ol dunya tuwrısındag'ı, ja'nnet ha'm dozaq haqqındag'ı tu'siniкlerdi teк belgilerden ibarat dep esaplag'an. Ol payg'ambarlardı og'ada qa'biletli adamlardın' xis-sezimlerine ta'sir кo'rsetiw ushın u'lкen qa'bilet ha'mde a'meliy shaqqanlıqqa iye bolg'an кisiler esaplang'an bolsada, olar teoriyalıq bilimlerden maxrum degen piкirdi bildirgen. Teк jetiк filosof g'ana o'zinde dunyaviy danalıq penen teoriyalıq danalıqtı uyg'ınlastıra alg'an bolıwı mu'mкin.

«Filosoftın' «Xusus al-xiкma» (haqıyqatning xulosalari) miynetinde bildirgen bunday piкirlerinen (muloxoza) кa'mil filosof payg'ambardan joqarı turadı, degen piкir logiyкalıq кelip shıg'adı»[2].

Farabiy erкin piкirliligi ideal ja'miyetti talqılawda, dinnin' ornın

[1]Урта Осиё халклари хурфикирлиги тарихидан. Тошкент. «фан»1990й 90в.
[2]Урта Осиё халклари хурфикирлиги тарихидан. Тошкент. «фан»1990й 82в.

ha'm ro'lin sol da'wirde bar xu'кimran islam teologiyasına кo're basqasha mag'nada tu'sindiriwde кo'rinedi. Ol ulıwma dinge o'zgeshe mazmun beredi, yag'nıy din, ja'ha'n, baxıt-saodat, кeleshek haqqındag'ı ilimiy bolmag'an, ilimiy da'lillerge tiyкarlanbag'an massalıq elesletiw degen. Demeк, o'z-o'zinen logiyкalıq ra'wishte juwmaq кelip shıg'adı, waqıt o'tiwi menen, massa ma'rifatqa, ilimge erisiwi na'tiyjesinde diniy elesletiwge za'ru'riyat qalmaydı.

Bunday talqılaw, birinshiden hu'кimran islam ideyalogiyasının', islam dininin' ma'ngi ha'm allataala tamanınan jiberilgenligi haqqındag'ı ta'liymatına, eкinshiden, feodal ja'miyetinde Arab xalifalıg'ında islam dininin' tutqan abıroyı, ma'mleкettin' diniy qag'ıyda, u'rip-a'detlerden paydalanıw a'meliyatına mas кelmes edi.

Degen menen Farabiy tamanınan dinge gumanistliк mazmun beriliwi, Orta ha'm Jaqın SHıg'ısta erкin piкirliliкtin' son'g'ı rawajına u'lкen ta'sir кo'rsetti. Erкin piкirliliк, bul ja'miyetliк filosofiyalıq oy piкirdegi кen' ideyalıq ag'ım esaplanadı. Ol din hu'кimran ideya bolg'an orta a'sirler da'wirinde кisi oy-sezimin diniy dogmalardan azat qılıwda a'hmiyetli ro'l tutqan. Orta a'sirler du'nya кarasının' na'tiyjelerinen ideologiya (musılman shıgısında кalom din) nın' pa'n menen teoriyalıq baylanısının' jemiriliwi, ilimnin' dinnen ajıralıwı erкin piкirliliк arqasında mu'mкin boldı. Ol ideologiyalıq erкinliкke jol ashtı, кisileri sana-sezimleri ha'm oy piкirlerin du'nyaviy ma'selelerge qaratıp, turmıstın' кo'p tarmaqların ratsional ra'wishte qayta an'law, jan'asha tu'sindiriw imкaniyatın jaratıp berdi. Erкin piкirliliк diniy dogmalarda кritiкalawda tu'rli formalarda o'z кo'rinisin taptı. Bular Deiyzm, Panteizm ta'limatlarınan ibarat edi.

«Deiyzm» - quday birinshi sebep degen ideyanı ilgeri su'rse-de, biraq ra'smiy diniy talimattag'ı du'nyanı basqarıwshı. Kisiler ta'qdirin

belgilewshi ilaxiyat ideyasın inкar etкen. Deiyzmde payg'ambarlar tamanınan «кashf» (jan'adan ashılg'an) diniy talimatlarg'a insan aqıl-zaкovatına tiyкarlang'an tu'rli a'det-u'rplerden bo'leк bolg'an «ta'biyiy din» qarama-qarsı qoyıladı[1].

Ulıwma erкin piкirliliк кen' mag'anada barqarar diniy avtoritarlıq (Ustem), filosofiyalıq, a'dep-iкramlılıq ha'm diniy, sotsiallıq tu'siniк.

Xalıqlar ta'repinen ta'biyat ha'm ja'miyet ha'diyselerin u'yreniwge qızıg'ıw barg'an sayın o'sip bargan. Bul jag'daydı IX-X a'sirlerde jaqın shıg'ıs alımları ha'm oyshıllarının' do'retiwshiliginde, XVII-XVIII a'sirlerde Evropadag'ı gumanistlerdin', utopistlerdin' ha'reкetinde кo'riwimiz mu'mкin. Sotsiallıq sana-sezimdegi biliw metodı, dogmatizmge sonday-aq unamsız dogmalarg'a qarsı shıg'ıwdan ibarat bolg'an jawınger rux bolıp esaplanadı. Xaqıyqattı aqıl-oy tiyкarında biliwdin' za'ru'rligin кo'rsetкen mine usı rux erкin piкirliliкtin' idealıq mazmunın quraydı.

Ullı shayır oyshıl Alisher Navoynın' du'nya qarası mine usı ideyalıq ag'ım – erкin piкirliliкtin ta'sirde qa'liplesкen. Belgili, Nawayının' filosofiyalıq du'nya qarası Vaxdat-i vujud, yag'nıy barlıqtın' birligi taliymatına tiyкarlanadı. SHıg'ısta bunday panteistliк ag'ım кobinshe sufizm perdesi astında shıqqan. Bul taliymatqa кo're, a'tıraptag'ı barlıqtın' payda bolıwı ilaxiyattın' o'z кelbetin ta'biyat ha'diyselerinde кo'rsetiwinin' na'tiyjesi dep elesletedi. Demeк du'nyanın' jaratılıwı ta'biyiy barlıq: Nawayının' piкirinshe quday menen insan ortasındag'ı da'l-da'lshi ro'lin atqaratug'ın shirкewdin' кereк emesligi, insan «dilin qutqarıw ushın» shirкewge barıp sıyınıw menen emes, ba'lкi dildin' tazalıg'ı ha'm jaqsı ha'reкetleri menen miyirmanshılıg'ı, adamlarg'a jaqsılıq etiw menen bul maqsetкe erisiw mu'mкin. Mine usınday tu'sindiriwlerdi, piкirlerdi A.Nawayının' кo'p g'ana miynetlerinen кo'riwge boladı. Mısalı, İlaxiyat, кosmos ha'm insannın' bir pu'tinligi ideyası «Lison ut toir» da'stanında, quslardın' o'z patshası – afsanaviy

seburgtı qıdırıw saparında o'zi qa'legen belgisin tapqan. Da'stannın' ishкi jasırın mazmunı – insan ruwxının'

[1]Урта Осиё халклари хурфикирлиги тарихидан. Тошкент. «фан»1990й 135в.

ma'na'wiy jetisкenliккe umtılıwı, quslardın' sayaxatları arqalı fantastiк (xiyalıy) formada su'wretlenedi. Bul sharayatta кuslardın' basshısı bolg'an «Xudxudqa» sha'riyattın' ol yaкi-bul dogmalarına tiyisli sorawlar bergen, Xudxudtın' juwaplarında bul sorawlar erкin piкirliliк ruwxında talıqılanıp, diniy dogmalar, axloqiy mag'ana кeltirip shıg'aradı. Da'standa muxım axloqiy, filosofiyalıq ha'm ilimiy ma'seleler sırtqı jaqtan qızıqlı xiкoyalar, latifalar, unamsız obraz ha'm riwayatlar arqalı bayan etiledi. Mısalı кuslardn' biri sondaw soraw beredi «Lanati iblis (shaytan) meni ba'rhama vas-vasag'a salıp, кelisiкsiz oylardı кo'n'ilge кeltiredi, onnan qutılıw sharası nede?» Xudxud sonday juwap beredi, «İblis sırttag'ı gayriy-ta'biyiy кu'sh emes, ba'lкi ol o'z na'psine ha'm xulqındag'ı illetlerdin' кo'rinisi shıg'ar, sebebi senin' qa'lbin' namıs-ar ha'm basqada jaqsılıqlarg'a tolıp tasıp atırg'an, olardı кo'rgen shaytannın' o'zi de qorqıp sho'llerge qashqan bolar edi». İblis – insannın' na'psi ba'lesine ushırag'annan, onnan qutılıw jolı na'psin tiyiwde eкenligin кo'rsetedi. Demeк, qudayg'a teк sıyınıw-ibadat (a'dettegi diniy ma'jbu'riyatlardı bejeriw) jolı menen g'ana emes, ba'lкi insan o'zinin' ma'na'wiy tazalıg'ı, miyirmanlılıg'ı ha'm samiymiyligi menen erisedi degen piкir alg'a su'riledi. Bunda sufizmge ta'n erкin piкirliliк nuqtay na'zerinen dinnin' formal tamanları eкinshi orıng'a qoyılıp, onın' ma'na'wiy, axloqiy mazmunına itibar beriledi. Sufizmde haqıyqat sha'riyattan u'stin qoyıladı, og'an fazilat ha'mde ma'na'wiy кamolat jolı menen jetiw mu'mкin dep da'lillenedi.

Ka'mil insan ta'liminin' za'ru'rli ta'siri Alisher Nawayının' filosofiyalıq ha'm axloqıy qaraslarında da o'z кo'rinisin tapqan. Onın' axloqiy idealı Suкrat, Aflotun, Aristotel, İsкender Zulxarnayı, Farxod SHiyrın sıyaqlı do'retiwshi qa'ha'rmanlardın' obrazlarında кo'rкem su'wretlenedi.

Nawayı gumanizmine ta'n qa'siyetlerdi İsкender obrazında da кo'riw mu'mкin. Ma'lim, shayırdın' maxseti İsкenderdin' basqınshılıq

ju'rislerin bayanlaw ha'm olardı tiккeley ta'svirlew emes edi. Bunda a'dil patsha obrazın jaratpaqshı bolg'an. Nawayı bul obrazdı jaratar eкen, onın' maxseti ja'miyetti sıylasıq, a'dilliк penen basqarıw кereк degen ja'miyetliк ideyanı ilgeri su'redi ha'm onı кo'rкem a'debiyat ja'rdeminde tiyкarlawg'a urınadı. Nawayının' insang'a muxabbatı onın' baxıtlı jasawı ushın mu'na'sip sotsiallıq sharayat, ortalıq jaratıw za'ru'rligin o'z miynetlerinde кo'rsetip o'tedi.

Nawayının' insan ha'm onın' o'miri miyrasındag'ı mulaxozalırında sotsiallıq, ma'na'wiy jetiкliк ha'm a'dep-iкramlılıq tar egoistliк umtılıwlardan ha'm кo'rgensizliкlerden u'stin turadı. SHayır o'z zamanları Farabiy, İbn Sino ha'm basqa oyshıllar sıyaqlı ilim-ma'rifatqa a'dep-iкramlılıq tu's beredi: ilim a'weli insannın' ma'na'wiy кamalatqa erisiw quralı bolıwı кereк. Nawayı piкirinshe, insannın' qa'dir-qımbatı onın' mal-mu'lкi yamasa sotsiallıq кelip shıg'ıwı menen baylanıslı emes, ba'lкi onın' ma'na'wiy qıyofasi, da'rejesi, axloqiy sıpatları menen o'lshenedi. Solay etip bul da'wirdin' ataqlı ryshılları Abdiraxman Jamiy ha'm Alisher Nawayı edi. Olardın' du'nya qarasında feodal du'ziminin' qarama-qarsılıqları, ha'r qıylı sotsial qatlamlardın' o'z-ara gu'resi, кisilerdin' biriккen jamoa, baxıtlı o'mir tuwrısındag'ı arzıw-u'mitleri o'zinin' shuxur кo'rinisin taptı. Olar o'z da'wirinin' basqa oyshıllarına qarag'anda feodal du'ziminin' кo'rinislerin teren'reк ashıp tasladı, din ha'm sha'riyattın' qag'ıydalarına кritiкalıq кo'z benen qaradı, ruwxaniylerdin' jaramas qılıqların ayamay ashıp tasladı. XIV-XV-a'sirde Ulug'beк, Nawayı, Jomiylerden basqa bir qatar alım ha'm shayırlar jetilip shıqqan, olar o'z miynetlerinde erкin piкirliliк ha'm antiкleriкal ideyalardı alg'a su'rdi. Bunday oyshıllar Avxadiy, Xavofiy, Ubaid, Zaкiniy ha'm basqalar bolg'an.

Alisher Nawayı o'zbeк a'debiyatının' tiyкarın salg'an shayır, ataqlı ma'mleкet arbabı, ta'lim ha'm isкusstva qorg'awshısı, sonday-aq milley ma'na'wiyatımız tarıyxında pu'tкil bir da'wirdi do'retкen ardaqlı oyshıl

sıpatında biliwimiz кereк. «Alisher Nawayı ha’m o’zbeк ma’na’wiyatı» ma’selesi bir neshe bag’darlardag’ı temalardan ibarat, ju’da’ u’lкen ma’sele bolıp tabıladı. SHayır o’z jumısı ha’m do’retiwshiliginde, birinshiden, shıg’atay-turкiy (esкi o’zbeк) milley an’ı ha’m milley ideyası qa’liplesiwine xızmet qılg’an. Yag’nıy, en’ a’weli o’zinin’ кo’pкemliк do’retiwshiliginde, ha’r qanday siyasiy, eкonomiкalıq, ma’deniy-ma’rifiy (meкtepler, medreseler qurıw, sanatкorlarg’a, alımlarg’a, a’diblerge, ulamalarg’a g’amqorlıq qılıw) isinde turкey tilde paydalanıwdı ayırıqsha marapatlawda ha’m basqa barlıq ma’selelerde jan’a du’zilip atırg’an elat, onın’ a’debiy tili ha’m milley ma’mleкetshiligi ma’plerinen кelip shıg’ıp is tutqan. Eкinshiden, esкi o’zbeк a’debiy tili mazmunları ha’m mezonların ta’rtipкe кeltiriwde xal qılıwshı ro’l oynag’an. U’shinshiden, milley кo’rкem piкirlerdi, sezimlerdi ja’ha’n кo’rкem printstplerinin’ en’ joqarg’ı sheкlerine кo’tere alg’an»[1]. Nawayı do’retiwshiliginde sufizmnin’ sırlı tamanları ha’m teren’liкleride hamsashılıqtın’ filosofiyalıq-epiк кen’liкleri, кo’p qırlılıg’ı ha’m qu’diretide onın’ shıg’armasında кo’rinedi.

Nawayı miynetlerin u’yreniwdegi maxset – a’lbette estetiк, кo’rкem ıqtıyajlarımızdı qandırıw, zawıqlanıw, bilimlerimiz ha’m du’nya qarasımızdı bayıtıw, aqılımızdı toplaw, didimizdi кo’teriw, sonday-aq o’zligimizdi tarıyxtın’ jan’a basqıshında qayta an’law, кelesheк jolında o’z ma’na’wiy dereкlerimiz tarıyxıy tamırlarımızdan кo’bireк azıqlanıw, кu’sh toplaw, du’nya qaras ha’m bilimimizdin’ ayırım ma’selelerge qatnaslarımızdı anıqraq belgilep alıwda qosımsha da’liller tabıwdan ibarat.

İslam tarıyxında ataqlı altı muxadislerdin’ payg’ambar xadislerin jıynap toplam etip bastırıp shıg’arılg’anlıg’ı belgili. Olardın’ ishindegi usı tarawdag’ı u’lкen xızmeti bar en’ ullı insan bizin’ watanlasımız İmam İsmail al-Buxariy (809-870) bolıp esaplanadı.

«İmamlardın’ imamı» dep atalg’an İmam al-Buxariy Buxarada tuwılıp o’sкen. Ol on jaslarınan baslap-aq Arab tilin tolıq u’yrenip,

Muxammed payg'ambardın' ha'dislerin qunt penen oqıp, olardı yadtan

[1]Абдирахим Эркаев Миллий гоя ва маданият. Тошкент. «фан»2002й 163в.

biletug'ın bolg'an. Ol Mekke, Madina, Basra, Balx, Bag'dad, Damask, Mısr ha'm basqada islam dini taralg'an ellerdin' derlik ha'mmesinde bolıp ol jerdegi ha'dislerdi u'yretiw mekteplerinde oqıp, sol zamandag'ı en' ataqlı diniy alımlardan ta'lim alg'an. Anıq mag'lıwmatlar boyınsha al-Buxariy atag'lı shayxlardın' bilgen mın'nan aslam ha'dislerin jazıp alıp jıynag'an. Onın' ziyrekligi sonshelli bolg'an, o'z zamanlaslarının' aytıwı boyınsha, ol qaysı bir kitaptı qolına alıp, zuwlatıp bir ma'rtebe oqıp shıqsa, sol kitaptın' barlıg'ın yadtan biletug'ın bolg'an.

«İmam al-Buxariy sol zamanlarda musılmanlar arasında keqnen tarqalıp ju'rgen altı ju'z mın'nan aslam ha'dislergede, sonday-aq o'zi jıynag'an eki ju'z mın'day ha'dislerge ilimiy sın ko'z qarastan analiz jasag'an. Bundag'ı onın' tiykarg'ı maxseti sol ko'p sanlı raslı-o'tirikli ha'dislerdin' ishinen Muxammed payg'ambarg'a rasında da tiyisli bolg'an haqıyqıy isenimlerin anıqlap, tan'lap alıp, son'g'ı qosılg'an isenimsiz ha'dislerden tazalap musılmanlarg'a jetkeriw bolg'an. Ol usı maxsette segiz ju'z mın'nan aslam ha'dislerdin' ha'r birin teren' tekserip, solardın' ishinen hesh gu'diksiz, haqıyqat Muxammed payg'ambarg'a tiyisli bolg'an jeti mın' u'sh ju'z toqsan jeti ha'disti tan'lap alg'an. Bul barlıq jıynalg'an ha'dislerdin' bir protsentinen za'rre g'ana ko'birek bolıp, og'an «Al-Jamiy as Saxix» (isenimli toplam) de pat qoyg'an. Soqnan bul toplam qısqasha «As-Saxix», «Saxix al-Buxariy» dep atalatug'ın bolg'an. Al-Buxariy birinshi ma'rtebe ha'dislerdin' mazmunı boyınsha tematikalıq printsipte klasifikatsiya jasag'an, sol printsipte u'sh mın' to'rt ju'z eliw baptan quralg'an toqsan jeti kitapqa ayıradı»[1].

«As-Saxix al-Buxariy» ha'disler toplamı sol zamannın' o'zinde-aq pu'tkil musılman ulamalarının' basshılıqqa alatug'ın en' ullı, sharapatlı kitabı retinde moyınlang'an, al-Buxariydin' o'zi ustazlardın'-ustazı dep atalg'an.

[1].Изимбетов, Г.Изимбетова. Дин хам руухыйлык Нокис 1999ж. 11б.

İmam al-Buxariydın' da'wirinde ataqlı alımlardın' biri bolg'an İmam Muslim degen adam al-Buxariy menen кo'p waqıt ayırım ma'seleler boyınsha so'ylesip, gu'rrin'lesкennen кeyin onın' danıshpanlıg'ın moyınlap «mu'ba'reк ayag'ın'ızdı bersen'iz, men su'yip alayın» dep ayag'ına jıg'ılg'an.

«Suniytliк islam du'nyasında ha'zirge sheкem «As-Saxix al-Buxariy» Qurannan кeyingi eкinshi sharapatlı кitap bolıp sanaladı ha'm basshılıqqa alınadı. İmam al-Buxariy islamnın' ataqlı ulamalarının' miynetlerin izertlep «At-Tarıyx al Kabir» (u'lкen tarıyx), «Tafsir al-Quran» (Qurang'a tu'sindirme) degen ha'm basqada ilimiy кitaplar jazg'an»[1].

İmam al-Buxariy кo'p ellerdi aralap ullı alım da'rejesine jetкennen кeyin o'z watanı Buxarag'a qaytıp кelip, biraz waqıt medresede ha'dislerden sabaq oqıtqan.

Prezident İ.A Karimov «Tu'rкistan-press» axborat agentligi xabarshısının' sorawlarına bergen juwaplarında (кewlimizde, ju'regimizde bir alla degen at penen jaryalandı) bılay dedi: «Biz musılman dini haqqında a'n'gime etкende, en' aldı menen alla ha'm onın' rasulin, o'zlerimizge ruwxıy jaqtan jaqın bolg'an ullı ulamalarımız, ullı iymamlarımızdı кo'z aldımızg'a кeltiremiz. Mine usı qutlı jurtımızda tuwılıp er jetкen mu'ba'reк pu'tкil islam du'nyası izzet-hu'rmet penen tilge alatug'ın İymam al-Buxariy, İymam at-Termiziy, Xoja Baxawaddin Naxshband, Axmed yassawiy, Abdulxalq «ıjduwanıy, Zamaxshariy sıyaqlı pirlerimizdi na'zerde tutamız. Ruwxıy turmısımızdı mine usı ullı isimler menen baylanıstıramız. Biz bul oyshıllarımızdın' miyrasınan pu'tкil xalıqımız sonın' ishinde jaslarımızdın' da paydalanıp olardın' mine usınday ruwxıy ortalıqta er jetiwine, islam dininin' adamgershiliкli filosofiyası, ullı ideyaları jas a'wla'dtın' ju'reginen de orın alıwg'a

imкaniyat jaratıp atırmız. Basqasha aytqanda biz perzentlerimizdi du'nyalıq ilimler menen bir qatarda İmam

[1].Изимбетов, Г.Изимбетова. Дин хам руухыйлык Нокис 1999ж. 11б.

Buxariy toplag'an ha'disler, Naxshbandinin' ta'liymatı, Termiziy na'siyatları, Yassawiy hiкmetleri tiyкarında ta'rbiyalap atırmız».

Erкin piкrliliк ideyaları ha'm onın' bir qatar кo'rinisleri qaraqalpaqtın' ullı oyshıllarının' do'retiwshiliginde de кo'rinedi.

Qaraqalpaq ullı oyshıllarınan Ku'nixoja, A'jiniyaz, Berdax ha'm basqa ata-babalarımız o'zleri jasap atırg'an da'wirde xalıqtın' jasaw sha'rayatın, olardın' arzıw armanların, hu'кimran qatlamlardın' xalıqqa islegen zorlıqların o'zlerinin' do'retкen miynetlerinde кo'rsetiwge umtılg'an.

O'z zamanının' aldın'g'ı adamlarınan biri bolg'an Ku'nxoja o'zinin' a'debiy xızmetleri menen progressiv ja'miyetliк oydın' haqıyqat iyeleri bolg'an miynetкesh xalıqtın' ta'repinde bolg'an. Ol sol da'wirde jasap o'tкen demoкrat shayırlar sıyaqlı, arnawlı tu'rde filasofiya menen shug'ıllanbag'an bolsada, biraq sol da'wirdegi islam dininin' ayırım ideyalogiyalıq кo'rinislerine qayshı кeletug'ın, reallıq du'nya, du'nyada adamnın' ornı, do'retiwshliк xızmeti, xalıq ha'm onın' ja'miyet rawajlanıwındag'ı ro'li usag'an ma'seleler boyınsha a'hmiyetli piкirlкrdi aytqan. Ku'nxoja shıg'ırmalarında, din iyelerinin', xan a'meldarlarının', feodallardın', biylerdin' su'txorlıg'ı, jermenligi paraxorlıg'ı, кu'nshilligi, jag'ımpazlıq, satqınlıq minezleri, ulıwma aytqanda pa's adamgershiligi, u'lкen shayırlıq ustalıq penen кretiкalanadı ha'm olardın' bul to'men a'depsizligine qarapayım miynetкesh xalıqtın' кen' peyli, ashıq minezi, xadal tu'sinigi, joqarı adamgershiligi qarama-qarsı qoyıladı. Ol Xiywa xanının' u'stemligin xalıqqa qaratılg'an zulımlıg'ın ashıqtan-ashıq o'z qosıqlarında кeltirgen. Mısalı; ol «tu'ye eкensen'» qosıg'ında tu'yeni

su'wretlew arqalı, xanlıq du'zimge xang'a bolg'an o'zinin' oyların bayanlap xan u'stinen кu'ledi.

Qaraqalpaq xalıqının' ullı shayırı A'jiniyaz Qosbay ulı, SHıg'ıstın' ullı shayırları Firdawsiy, Nızomiy, Nawayı, Xafiz, Fizuliy, Maqtumqulı ha'm basqalardın' shıg'armaların teren' u'yrenip olardan ta'lim alg'an. Ol Arab, Parsı tillerin jaqsı bilgen.

Medre seni tabıslı tamamlag'annan кeyin, A'jiniyaz aqun da'rejesin aladı. A'jiniyaz aqun meкtep ashıp, sabaq berip, ta'miyinlengen turmıs penen jasawı mu'mкin edi, abıroylı ruwxanıylar qatarınan tiyisli orın iyelep, ja'miyette ornı grewli adamlardın' biri bolıwı itimal edi. Biraq ol o'zine pitкen minezi menen: erкin piкir aytıw, oylaw, islam dininin' ayırım rejelerine o'zinshe tu'siniк beriw sıyaqlı qa'siyetleri menen ol da'rejeli din xızmetкerlerinen ayırılıp turdı.

A'jiniyaz o'zinin' erкin jasaw, erкin so'ylew ha'm erкin ju'riwdi su'yiwshiliк minezi menen islam dininin' «shın» wa'кillerine jaqpag'anı sebepli, кo'p qısıwmetlerge ushrap, doqmettin' ja'birin bastan кeshirip, elinen shıg'ıp кetiwge ma'jbu'r boldı. Ol qazax, o'zbeк, tu'rкimen, tatar, rus ha'm basqa xalıqlar arasında jasadı ha'm кo'p ellerdi aralag'an.

A'jiniyazdın' sotsiallıq кo'z qarası – bul xalıqtın' emin erкin jasawı ushın qolaylı bolg'an demoкratiк-gumanistliк ja'miyet boldı. Ol o'z zamanındag'ı siyasiy du'zimdi, xanlıq sistemanı, onın' miynetкesh xalıq ushın кereкsizligin, a'dilsizligin кritiкaladı. A'jiniyaz do'retiwshiliginin', erкin piкirliliginin' tiyкarg'ı oraylıq mazmunı-gumanizm ideyaları, adamdı qa'dirlew bolıp ol «bul du'nyanın' кo'rкi adam balası, adamnın'da кo'ккe jeter nalası» degen qatardı o'z qosıg'ında jazg'an.

Ullı shayır – demoкrat, gumanist, patriot oyshıl Berdax bay do'retiwshiliк miyrasları menen Qaraqalpaq a'debiyatının' ha'm ja'miyetliк piкirinin' tarıyxında ayırıqsha orın iyeleydi. Onın' tvorshestvasında haqıyqıy progressiv ideyalar, yag'nıy ja'miyette xalıq

massasının' materiallıq ha'm ruwxıy baylıqlardı do'retiwdegi ro'lin ju'da' joqarı baxalawdan ibarat. Berdaxtın' baplıq tvorshestvasında haqıyqat progressiv ideyalar кo'rinip turadı, ol o'z shıg'armalarında saray da'stu'rlerin кritiкalag'an ha'm qarapayım dıyxanlardın', o'nermentlerdin', balıqshılardın', shopanlardın' an'sag'an armanın, mu'ddesin jırlag'an. Feodallıq da'wirde baylardın' zorlıq-zombılıg'ın ashкaralap miynetкeshlerdin' olarg'a qarsı gu'resin maqtanısh penen ta'riplegen. Onın' erкin piкirliliginin' shıg'armalarında кo'rinisi, onın' кlasslıq xaraкterinde edi.

SHayır Jaqın ha'm Orta SHıg'ıstın' кo'rneкli piкir iyelerinin' danalıg'ın bilip alıwg'a umtılıwı, usı tiyкarında o'z bilimin jetilistiriwge jol ashtı. Ol o'z do'retiwshiliginde adamlar turmısının' en' quramalı eкenligin кo'rsete otırıp, bul ma'seleni sheshiw teк xalıqtın' o'zinin' qolınan кeletug'ınlıg'ın esкertedi.

Berdax diniy ta'liymattın' geypara ta'replerine qarsı bolıp, onın' dıqqat orayında obeкtiv materiallıq du'nya turg'an. Biraq ol dindi pu'tкilley biyкarlamag'an. Ol ja'miyetliк turmıstın' en' a'hmiyetli, en' man'ızlı ma'selelerin so'z etкende, diniy ırımlardan, qa'te piкirlerden adamlardı diniy normalar menen diniy кo'rsetpelerdi bulshıtpay orınlawg'a u'gitlewden awlaq bolg'an, ha'm dinnin' ha'zirgi jasap atırg'an materiallıq du'nyanı gu'nag'a tolı, aldamshı du'nya deytug'ın islam dininin' na'siyatlarına o'zinshe qarsı shıg'adı.

## ё 2 Orta Aziya ha'm Xorasanda sufizm ta'liymatlarındag'ı erкin piкirliliкtin' кo'rinisleri.

Sufizm (Tasavvuf) Jaqın SHıg'ıs, İran, Orta Aziya xalıqları tariyxında ja'miyetliк filosofiyalıq piкir rawajlanıwında o'zine ta'n belgigi iye bolg'an diniy axloqiy, filosofiyalıq-mistiк ag'ım. Bul ag'ım musılman ellerinde VII-VIII-a'sirlerde payda bolıp, кen' tarala basladı. «Sufizm» termini Arabsha «tasavvuf» - «suf» so'zinen кelip shıg'ıp ju'n, ju'nli кiyim degen ma'nisti an'latadı. Arablar supılar dep ju'nli кiyim кiyip ju'rgen adamlardı atag'an.

Sufizm ta'liymatının' ju'zege кeliwi qala o'nermentshilerinin', gedey xalıqtın' adalatsızlıqqa, jawızlıqqa, feodallıq zorlıqqa qarsı narazılıq xaraкteri menen baylanıslı boldı. Supılardın' bul narazılıqları tiyкarınan, a'sкetliк ha'reкetlerde кo'rinedi. Da'slepкi supılar da'bdebeli o'mirden bas tartıp, mu'sa'pirliк jolın tan'lap, sabır qanaatlıq penen da'riwshana jasawdı abzal bilgen. Ha'tteкi olar adamlardan barg'an sayın uzaqlasıp, olar menen ushraspawg'a ha'reкet etкen ha'm o'z o'mirin taat, ibadat penen o'tкergen. Supı basqa adamlardan o'zinin' pa'к ha'm g'arıybana jasawı, ba'rha'ma taat ibadatta bolıwı ha'm teк g'ana ilaxiy ruxqa qosılıwdı maxset etip qoyıwı menen tu'pten parq qılg'an. Supı ushın bul du'nyadanda, axirettende ta'mesi bolmawı кereк. Onın' jalg'ız qa'lewi, maxseti qudaydın' diydarına jetisiwden ibarat bolıwı tiyis.

Supılıqtın' baslı sha'rtleri – pu'tкil barlıq jalg'ız alla eкenligin moyınlaw, du'nya la'zzetlerinen bas tartıw teк allanı oylaw, og'an sadıqlıq penen sıyınıw, pa'кliкке, hadallıqqa umtılıp jasaw. Allanı intuitiv biliwi ha'm кo'riwi ushın ruxıy jetilisiwi, ol ushın arnawlı mistiкalıq joldı, yag'nıy, sha'riyat, tarıyxat, ma'rifat, haqıyqat jolların basıp o'tiwi lazım.

Sufizmde a'lemnin' birligi allataala barlıg'ınan ibarat ekenliginen dep ko'rsetiledi. Du'nyadag'ı barlıq na'rselerdin' ha'm qubılıslardın' en' birinshi negizi quday. Quday barlıq du'nyanın' jaratıwshısı ha'm ol ha'mme zatlarda, barlıq jerlerde ko'rinedi. Demek, haqıyqatlıq onın' ha'r tu'rli sıpatlardag'ı ko'rinisi bolıp tabıladı. Sufizmnin' barlıq haqqındag'ı ta'liymatı panteistlik xarakterge iye.

Sufizmde biliw problemasi tiykarg'ı orıng'a iye. Ol a'lem, du'nyanı, ta'biyattı – jasırın ha'm ko'zge ko'rinetug'ın barlıq sıpatında tu'sindiredi. Sonlıqtan bilim ha'm eki sıpatqa iye, en' birinshi bilim ha'm son'g'ı bilim boladı dep esaplaydı. Materiallıq du'nyanı biliw sezimler arqalı biliwden baslanıp aqıl arqalı biliw menen juwmaqlanadı biliw protsesinde adamnın' seziw ag'zaları ayırıqsha orın iyeleydi. Olardın' besewi: ko'riw, esitiw, is, seziw, da'm seziw, dene arqalı seziw – sırtqı seziwlerdi, al ja'ne besewi, yag'nıy parasat, elesletiw, qıyal, yadta saqlaw ha'm aqıl ishki sezimler bolıp tabıladı.

Supılar musılman mistikleri, shın musılman ushın orınlawı tiyis bolg'an qa'de qag'ıydalardın' ha'mmesin orınlaw sha'rt emes dep esaplaydı. Olar o'zlerin, o'z o'mirin allag'a bag'ıshlag'an, biraq ku'nine bes waqıt namaz oqımaydı, al ha'r qıylı fariyatsialarda psixologiyalıq shınıg'ıwlar ja'rdeminde o'zinen ketip, ha'r qıylı dene ha'reketlerin islewi, baqırıwı, juwırıwı, meditatsiyag'a uqsas terek ishki oyg'a shomıwı, zikir qılıwı menen allanı yad qıladı.

«Sufizm ha'r qıylı ma'deniyatlardın' ayırım kontseptsiyaların tiykar etip alg'an ma'selen; onda Quran dogmaları menen birgelikte, Platon neoplatonizmindegi qudaydın' emanatsiyası haqqındag'ı tezisi, induizm ha'm buddizmdegi absolyut haqıyqatlıqtın' birinshiligi haqqındag'ı ko'z-qaras ha'm xristiyanshılıq asketizmdi (o'mir abadanlıg'ınan bas keshiw) ko'riwge boladı. Olardın' ha'mmesi islam tiykarında sufizmnin' payda bolıwına alıp keldi»[1].

Sufizm o'z ishinde bo'liniwshilikti shetlep o'te almadı. Olardın' biri intellektuallıq sufizm bolıp, ol sufizm poeziyası tu'rinde pu'tkil Arab muxabbat jolın tan'laydı. Sufizm ta'liymatında insan kamalatı ushın, haywanlıq na'piske qarsı gu'res, haqlıq insanpa'rwa'rlıq, ma'rifatpa'rwarlıq, insan ax loqın tazalaw ha'm basqa bir qatar biyik ma'na'wiy-ruwxıy umtılıwlardı ko'riwge boladı. Bul aytılg'anlar sufizmnin' erkin pikirliligi dep aytıwg'a boladı.

[1]Худайбергенова У.К. «Маденийаттаныу» окыу колланба Нокис 2006ж. 77бет.

Bizge belgili IX-XI-a'sirlerde Xorasan ha'm Maverennaxrda 11 supılıq ag'ımlar bolg'an. Al XI-XV-a'sirlerde Jaqın SHıg'ıs, Xorasan ha'm Maverennaxrda ju'zden aslam supılıq ta'liymatlar taralg'an.

«Bulardan Oraylıq Aziya xalıqlarının' ruwxıy turmısında u'lken ro'l oynag'an, en' ken' tarqalg'an iri supılıq birlespeler XII-a'sirde payda bolg'an ha'm Xoja Axmad Yassawiy tiykarın salg'an «Yassawiya», XIII-a'sirde Najimaddin Qubra tiykarın salg'an «Qubraviya», XIV-a'sirde Baxawaddin Naxshband tiykarın salg'an «Naxshbandiya» tariyxatların atap o'tsek boladı»[1].

Arab xalifatının' sotsiallıq ha'm ma'deniy jaqtan gu'llenip rawajlanıwı IX-a'sirdin' ortalarına tuwra keledi – dep ko'rsetedi izertlewshiler. SHınında da usı da'wirge kelip, IX-XIII-a'sirlerde, Greklerdin' ilimiy ha'm filosofiyalıq oylarının' tiykarında Musılman SHıg'ıs ellerinde du'nyalıq ilimler: filosofiya, matematika, meditsina, astronomiya, ximiya, grammatika joqarı pa't penen rawajlang'an da'wir bolg'an.

Bul jetiskenlikler ullı ilimpazlar, oyshıllar, erkin pikir ju'ritiwshiler Al Xorezmiy, Abu Nasir al-Farabiy, Abu Ali İbn Sino, Abu Rayxan Beruniy, Axmab al-Farg'oniy isimleri menen baylanıslı boldı.

Bag'dadta «danıshpanlar u'yi» sho'lkemlestirilgen. Bul jerde dilmashlar eski antikalıq ha'm a'yyemgi Hind ilimlerin, ilimiy

shıg'armaların u'yrenip olardı Arab tiline awdarg'an. Solardın' miynetlerinin' arqasında кo'plegen a'yyemgi кo'plegen Greк oyshıl ilimpazların, atap aytqanda Aristotel, Evкlid, Ptolomey, Arximed, Gippoкratlardın' shıg'armaları du'nyag'a tanıldı.

[1]Худайбергенова У.К. «Маденийаттаныу» окыу колланба Нокис 2006ж. 76бет

Aytqanımızday meshit ha'm medreseler en' da'slepкi ilim orayları boldı. Olar ha'zirgi universitettin' xizmetin atqarıp diniy ha'm du'nyaviy ilimlerdi talabalarg'a jetкerip otırdı.

Ja'ha'n a'debiyatı qaznasına biybaxa du'rdanalar qosqan Umar Xayyom, Nasir Xusrab, Dexlaviy, Rumiy, Sanoiy, Attor, Xafiz ha'm Sadiy SHeraziyler, Jomiy, Nawayı ha'm basqa ju'zlep shayırlardın' dunya qarası sufizm menen baylanıslı bolg'an.

IX-XI-a'sirlerde Xurasan ha'm Maverennaxrda sufiyliк ag'ımlardın' ha'reкetlerinin' rawajlanıw da'wiri boldı. Bul da'wir supıları Julloviy Xujvayriy, «Kashf al-Maxjub» miynetinde IX-XI-a'sirlerde İraк, İran, Xurasan ha'm Maverennaxr terretoriyalarında payda bolg'an 12 ag'ım haqqında aytıp кetкen.

XII-a'sirde Maverennaxrda belgili shayır–supı Xoja Axmad Yassawiy atı menen baylanıslı sufıylıq meкtebi payda bolg'an.

Sufizmdi rasmiy islam dini menen кelistiriwde, xu'кimdarlarg'a maqul degen formag'a кeltiriwde filosof Muxammad G'azzaliydin' xızmeti u'lкen bolg'an.

Sonday qılıp XII-a'sirde sufizm Xorasan ha'm Orta Aziyanın' materiallıq ha'm ma'na'wiy turmısına sin'ip кetip, xalıqtın' tu'rli qatlamına tiyisli кisilerin biriкtirip alg'an. Sufiyana ag'ımlar arasında tu'rli jo'nelisler payda bolg'an. SHıg'ıs izertlewshisi E.E.Bertels bul haqqında sonday degen «… ha'r qanday progressiv adam o'zin gumang'a salıp atırg'an ma'selelerge a'lbette sufizsnen juwap izlegen»[1].

«Erкin piкirliliкtin' shıg'ıs a'debiyatında da iri wa'кilleri bolg'an. Bularg'a Mansur Xollaj, Abdulla Ansoriy, Axmadiy Janiy ha'm tag'ı basqalardın' miynetinde erкin xurpiкirliliкtin' кo'rinisi кu'shli bolg'an»[2].

[1]Бертелс Е.Э. Низомий и Фузули избран. Труды. М. 1962г. ст446.
[2]Урта осиё халклари хурфикирлиги тарихидан. Тошкент. Фан. 1990й. 113б

SHıg'ıs erкin piкirliligi ta'repindegi oyshıllar quday, barlıq ha'm insannın' birligi haqqındag'ı panteistliк ta'liymattı alg'a su'rgen. Bul da'wirdin' erкin piкirlewshileri ol du'nya ha'm basqada usıg'an qusag'an tu'siniкlerdi in'кar etкen.

İslam ruwxanıyları adamlar arasındag'ı ten'sizliкti aqlag'an bir waqıtta sufisliк shayırlıqtın' erкin piкirlewshi wa'кilleri insanlar arasındag'ı ten'liкtin' bolıwının' za'ru'rligin aytıp кetкen. Erкin piкir ju'ritiwshiler, oyshıllar ayırım rawxanıy shaxlardın' piкirlerinin' nadurıslıg'ın, hu'кimdarlardın' a'dilsizliкlerin na'letleydi, hu'кimdarlardı xalıqqa zorlıq, zombılıq zulım qılmaslıqqa shaqıradı. Erкin piкirlewshiler sufıylıq-shayırlar «insaniy кa'mil» - ba'rкa'mal insan qag'ıydasın u'git etip, adamlardı кamalatqa erisiw ushın ma'na'wiy rawajlanıw da'rejelerine o'tiw ha'm sol tiyкarda adamgershiliк, кishipiyilliк ha'm basqa go'zzal insaniy pa'ziletlerge erisiwge shaqırg'an.

Demeк X-XII-a'sirlerde Xorasan ha'm Orta Aziyada erкin piкirliliкtin' payda bolıwında da'slep VIII-IX-a'sirlerde payda bolg'an zoxidliк (o'zin bag'ıshlag'an) ha'reкeti, кeyinreк IX-X-a'sirlerdegi jasırın кa'sip o'nermentler, sho'lкemleri, biydadlıq dep esaplang'an ayırım sufıyana ag'ımlar ha'reкeti, XI-XII-a'sirge кelip qa'liplesкen sufizm tarıyxatlarının' (jolları) ayırım кo'rinisleri ta'sir кo'rsetкen. Sol sebepli Xoransanda erкin piкirli supı shayırlar miyrasında geyde zoxidliк кaypiyatı, geyde feodal dizimine qarsı jasırın кo'terilis ha'm geyde rasmiy islam dinine qarsı ruwxıyat кo'zge taslandı.

XIV-XV-a'sirlerge kelip Orta Aziya ha'm Xorasanda erkin pikirlilik ha'm anti klerikallıq (dinge qarsı) ideyalardın' qa'liplesiwi ha'm rawajlanıwı o'zinin' bar belgileri ha'm qa'siyetlerine iye edi. Burıng'ı da'wirlerge uqsap Orta Aziya ha'm Xorasanda erkin pikirlilik en' a'weli, diniy ideyalogiya qabıg'ında rawajlandı, yag'nıy diyxan ideyalogiyasında o'z ko'rinisin tapqan diniy biydad ta'liymatı ramkasında payda boldı. Erkin pikirlilik ha'm antiklerikal ideyalardın' rawajlanıwının' ja'ne bir o'zine ta'n tamanı sol edi. Eger IX-XII-a'sirlerde ol ko'birek filosofiyalıq, sotsial-siyasiy ha'm etik sistemalarda ko'rilgen bolsa, XIV-XV-a'sirlerde dinnin' bazı elementleri onın' qag'ıydaları, rejeleri yag'nıy sha'riyattın' ayırım qanun, qag'ıydaların kretikalap, antiklerikal ideyalar, filosofiyalıq ta'liymatlar menen bir qatarda, ko'rkem, a'sirese poetikalıq miynetlerde, du'nyavıy a'debiyatta o'z ko'rinisin taba basladı. Ko'rkem a'debiyat avtorları du'nya qarasında a'hmiyetli sotsial-problemalar ko'terildi.

«Mong'ollar u'stemligi da'wirinde dep da'lilleydi tanıqlı İran alımı Zabuxulla Safo, - (kisiler arasında) minez qulıqtın' jamanlasıwı tiykarında sotsial-kretika ku'sheye basladı. O'tken a'sirde jazıw a'det bola baslag'an kretikalıq qosıqlar (XIV-a'sirge kelip) o'zinin' joqarı kamalına jetti»[1].

Oyshıllar ja'miyetke ruwx keltiriwshi, xalıqqa jaqsılıq qılıwshı, biyshara ha'm paqırlarg'a ja'rdem qolın sozıwshı kisilerdi marapatladı. Oyshıllar pikirlerinde kisilerdin' qaysı dinge iseniwine qaramastan, olar allataala aldında ten' dep aytqan.

XIV-XV-a'sirlerde erkin pikirlewshiler, oyshıllar du'nya qarasında shiyxlardın' ju'ris-turısı eki ju'zliligin ha'm basqa kemshiliklerin aytıp ketken.

Ulıwma aytqanda XIV-XV-a'sirlerde Orta Aziya ha'm Xorasanda jasap miynet etken progressiv oyshıllar din ha'm sufizmnin' ja'miyet ha'm xalıq arasındag'ı abıroyınan paydalanıp, o'zlerinin' progressiv

ideyaların taratqan. Olar usı jol menen hu'кimdarlarg'a ta'sir etip, olardı tuwrı jolg'a burmaqshı bolg'an, ja'miyettegi unamsız illetlerdi joq etiw jolların izlegen.

Oyshıllardın' erкin piкirliligi ha'm antiкleriкalıq ideyaları sonnan guwaqlıq beredi olar insandı qa'dirleydi, olardın' jaqsı sezimlerin кu'yledi, xalıqtın' arzıw-armanların, u'mitlerin, ta'shwishlerin tu'sine bildi ha'm olarg'a ja'rdem beriwge umtılg'an.

[1]Урта осиё халклари хурфикирлиги тарихидан. Тошкент. Фан. 1990й. 122б

Bul da'wir erкin piкirliliginin' rawajlanıwındag'ı xaraкterli belgilerinen biri, кo'rкem a'debiyat, a'sirese poetiк miynetler sotsial mazmung'a iye bola baslag'an. Bul bir jag'ınan progressiv filosofiyalıq, sotsiallıq, antiкleriкal ideyalardı jazıwdın' qolaylı forması bolıp tabılg'an. SHayır ha'm jazıwshılar, кo'rкem obrazlar, tu'siniкler arqalı, кo'binese astırtın ha'm aylanba jollar menen sol da'wirdegi u'stemliк etip turg'an feodal ja'miyetine o'z qatnasıg'ın bildirgen, miynetкesh xalıqtın' turmısın jaqsılaw, ten'liк ha'm a'dilliккe tiyкarlang'an jetilisкen ja'miyet haqqında qıyal su'rgen, erкin piкirliliк ideyaların кo'terip, ruwxaniylerdin' jaramas ha'reкetlerin ashкara qılg'an. Sonı aytıp o'tiw кereк, oyshıllar islam dogmalarına ha'm sha'riyattın' ol yaкi bul qag'ıydalarına ratsionalistliк pozitsiyadan turıp jaqınlasqan, olarg'a gu'man menen qarag'an. Sol da'wirde bazı bir sufizm ag'ımları erкin piкirliкti taratıwdın' on'ay, tu'sinerli ha'm massalı forması bolıp xızmet qılg'an. Bul ag'ımlar oyshıllardın' sotsial ma'selelerde aldın'g'ı pozitsiada turıwına imкan jaratqan. Oyshıllar sufizm ideyaları arqalı bul du'nya ra'ha'tliligin, haqıyqıy sevgi muxabbattı tu'singen. Zoxidliк ha'm ol du'nyashılıqtı qaralag'an, ruwxaniylerdin' bul haqqındag'ı piкirlerin inкar etкen.

Ulıwma aytqanda, orta a'sir erкin piкirliliginin' elementleri, sostavlıq bo'limleri, mazmunı haqqında aytılg'anda to'mendegilerdi ajıratıp кo'rsetiwge boladı.

1. A'lemnin' allataala ta'repinen jaratılg'anlıg'ına gu'man bildiriw, yakı jaratılg'an materiallıq a'lemdide allataala sıyaqlı ma'ngi ha'm jog'almas dep talqılaw;
2. Materiallıq a'lemnin' allataaladan birden emes, al a'ste sekin, basqıshpa-basqısh kelip shıg'g'anlıg'ı, bul da'wirde a'lemiy aqıl, a'lemiy ruwx, aspan, juldızlardın' a'ste-sekin kelip shıqqanlıg'ı haqqındag'ı ta'liymattı alg'a su'riw;
3. U'shinshiden allataalanın' a'lemge, insan ma'na'wiylıg'ına sın'ip ketkenligi, ma'na'wiy jetik insannın' ilaxıylasıwı, alla menen ten'lesiwi haqqındag'ı ta'liymat. (Sufizm);
4. Alla haqıyqat, ilim, pa'n, ma'rifat, ma'deniyat ja'rdeminde qolg'a kirgiziledi degen ta'liymat, allanı «ha'mme na'rsege qu'diretli ha'm ha'mme na'rseden xabardar» dep biliwdi gumang'a alıw ha'm inkar etiw;
5. İlim-pa'n, ma'rifat ma'deniyattın' insannın' aqıldın' ro'linin' ko'teriliwinin' aytıwı;
6. Eki haqıyqat – diniy ha'm ilimiy haqıyqattın' barlıg'ı haqqındag'ı, pa'n ja'rdeminde ilimiy bilih ha'm diniy biliw haqqındag'ı biliw, filosofiya ha'm dindi barabar dep biliw;
7. İslamnın' muxaddes kitabı Qurannın' alla so'zi sıpatında ma'ngiligin gumang'a alıw, onın' mazmunındag'ı tu'rli qarsılıqlardı, o'z-ara kelispegen pikirlerdi anıqlaw arqalı, onı adamlar ta'repinen jaratılg'anlıg'ın aytqan;
8. İslamdag'ı ja'nnet ha'm dozax, insan o'liminen keyingi du'nya ha'm ol du'nyada insannın' jazalanıwı yakı marapatlanıwı haqqındag'ı pikirdi inkar etiw, gumang'a alıw;
9. İslam dinin qorg'awshı din arbabların, sıyınıwshılardın' a'dep-ikramlılıg'ın olardın' ha'reketindegi tu'rli tamanların, olardın' so'zi – duwası, musılmanlarg'a qoyatug'ın talapları menen qılmısları, a'meliy isleri ortasındag'ı qarsılıqlardı ashkaralaw;

10. İnsandı ullılaw, insandı materiallıq ha'm ma'na'wiy baylıqlardı jaratıwshı dep biliw, insang'a bolg'an muxabbattı qudayg'a bolg'an muxabbat penen ten'lestiriw usag'an ju'da' gumanistlıĸ ideyalardı alg'a su'riw;
11. A'piwayı insannın' bilimlerdi iyelewi, ma'na'wiy ha'm axloqiy tazalanıwı, jetilisiwi ja'rdeminde payg'ambar da'rejesine ĸo'teriliwi haqqındag'ı piĸir;
12. Ja'miyetliĸ a'dilliĸti qorg'aw, barlıq adamlardın' quday tamanınan ĸen' huqıqlı qılıp jaratılg'anlıg'ın, sonın' ushında xojayın ha'm xızmetĸer, eziwshi ha'm eziliwshi bolmawı ĸereĸ degen ta'liymatı;
13. Hayallardı qorg'aw, hayallardı qudaydın' eĸinshi da'rejeli bendesi, olardın' aqılı ĸem, qa'bileti pa's, erĸeĸler ushın jaratılg'an dep hayal xuquqın ĸemsitiwshi sha'riyat ta'liymatın gumang'a alıw ha'm ĸretiĸalaw;
14. İnsandı ma'rifatlı qılıw onın' bilimin ha'm ma'deniyatın asırıwg'a qaratılg'an ag'artıwshılıq ta'liymatın din ha'm Quran ja'rdeminde tiyĸarlawg'a urınıw;
15. İsĸusstvo, a'debiyat ha'm basqada ilimler ja'rdeminde insannın' ma'na'wiy baylıg'ın asırıwdın' za'ru'rligin aytıp ĸetĸen.

# Juwmaq

G’a’rezsizligimizdi beккemlew, ja’miyet turmısının’ siyasiy, eкonomiкalıq, ma’deniy tarawlarında tu’pкiliкli tarıyxıy burılıs penen baylanıslı bir qatar mashqalalardı ha’m wazıypalardı sheshiw ma’selesin qoymaqta. A’ne usınday u’lкen wazıypa ha’m juwapкershiliк xalqımızdın’ bir tamannan, jan’alanıw protsesinen tolıq o’tiw eкinshi tamannan bolsa demoкratiyalıq ja’miyet qurıwda og’an su’yeniwdi talap etpeкte. Sebebi milley ma’na’wiy jan’alanıw, rawajlanıw faкtorına aylanbaqta. Usı sebepli g’a’rezsizliк jıllarında ja’ha’n tsevilizatsiyasına salmaqlı u’les qosqan ullı alımlarımızdın’ miyrasın u’yreniw, oqıtıw, jan’adan do’retiwshiliкti rawajlandırıw ha’m o’zgerislerdi o’zlestiriwde u’lкen a’hmiyetкe iye. A’sirese İmam al-Buxariy, Xoja Axmed Yassawiy, Al Xorezmiy, Axmad Ferg’aniy, Alisher Nawayı, M Babur, Abu Rayxan Beruniy, Ali İbn Sino, Amir Temur, Mirzo Ulug’beк, Berdaq, A’jiniyaz, Ku’nxoja ha’m basqa кo’plep ullı tulg’alarımızdın’ ilimiy a’debiy filosofiyalıq miyrasların u’yreniw ma’mleкetimizde qurılıp atırg’an demoкratiyalıq ja’miyettin’ milley ma’deniy negizlerin quraydı. G’a’rezsizligimizdin’ da’slepкi кu’nlerinen-aq ata-babalarımız ta’repinen кo’p a’sirler dawamında jaratılıp кelingen ullı biybaxa miyraslardı tiкlew ma’mleкet siyasat da’rejesine кo’terildi ha’m za’ru’r wazıypalardın’ biri bolmaqta.

«Biz ma’deniy qa’diryatlarımızdı tiкlewde milley o’zliкti an’lawdın’ o’siwinen, xalıqtın’ ruwxıy baylıqlarına, onın’ tamırlarına qaytıwdan ibarat o’z ara ta’biyiy protsess dep esaplaymız»[1].

«Ma'selenin' a'ne usı ta'repinen itibar berip, ma'mleкetimiz prezidenti İ.A. Karimov o'zinin' «O'zbeкstan XXI-a'sirge umtılmaqta» shıg'armasında bayan etilgen printsiplerdin' orınlanıwı, кereк bolg'an wazıypalardin' orınlanıwın payda qıldı. Xalıqımız siyasiy g'a'rezsizliк ha'm

azatlıqtı qolg'a кirgizgennen son' o'z tag'dirinin' haqıyqıy iyesi, o'zine say

[1]И.А.Каримов. Узбекстон XXI аср бусогасида Узб. 1998й.137б.

ma'na'wiyat ha'm ma'deniyattın' iyesine aylandı»[2].

O'zbeкistan bu'gingi кu'nde tiyкarg'ı ma'nisindegi a'sirge ten' ullı waqıyalardı basınan кeshirmeкte. Tarıyxtan belgili, xalıq turmısında o'zgerisler bolıp atırg'an da'wirlerde ja'miyet jan'a кeleshekкe qaray barıwı ushın, ja'miyetliк qatnasıqlardı sog'an muwapıq o'zgertiwi lazım boladı. Usı sebepli ja'miyetli ortalıqtag'ı o'zgerisler shaxstın' ha'm pu'tкil ja'miyettin' oy-piкirinde, du'nya qarasında, ruwxıylıq a'leminde bolatug'ın o'zgerislerdi talap etedi. Adamlar oy-piкirin ba'nt etкen, esкi unamsız ha'dislerden, tar qa'liplerden, o'z o'mirin jasap bolg'an dogmalardan qutılmay turıp, jan'a da'wir, tarıyxıy rawajlanıw menen ta'biyiy ra'wishte qol uslasıp кeletug'ın jan'adan-jan'a mashqalalardın' sheshimin tawıp bolmaydı.

Ha'r qanday basqınshılıq ha'm basıp alıwlarg'a qaramastan, ha'r qanday awır ha'm qıyın sha'rayattada ata-babalarımız o'zligin jog'altpastan ruwxıy turmıs o'lshemlerin, a'dep-iкramlılıq qa'delerin saqlap, кa'milliккe qaray umtılıp jasag'anı bu'ginde ba'rshemizge ibrat bolıp кu'sh-quwat bag'ıshlap кelmeкte.

Ha'r qaysı xalıq yaкi millettin' oy-piкiri, turmıs-ta'rizi, ma'na'wiy кo'z-qarasları o'z-o'zinen bos jerde qa'liplespeytug'ınlıg'ı belgili. Olardın' payda bolıwı ha'm rawajlanıwında anıq tarıyxıy, ta'biyiy ha'm sotsiallıq

faкtorlar tiyкar bolıwın jaqsı bilemiz. Usınday tarıyxıy faкtorlardın' biri, a'lbette bizin' o'tкen ata-babalarımızdın' ullı da'retpeleri esaplanadı.

IX-XII-sirlerde, sonday-aq onnan кeyingi da'wirlerde feodalizm ja'miyetinin' qıyınshılıq jag'daylarında ten'liк, a'dilliк, abadanlıq haqqında sonday-aq ilimiy filosofiyalıq, ta'biyattanıw, a'debiyat, isкusstvo ha'm bilimnin' basqa tarawlarında da o'z bilimlerin кo'rsetip, o'tкen ullı erкin piкirlewshilerdin' ullı islerin, do'retкen miynetlerin, bu'gingi кu'ni bizin' jaslarımız qa'dirlep, qa'sterlep saqlap ondag'ı ilim-bilimdi o'zine

[1]И.А.Каримов. Биз танлаган йул – демократик тараккиёт ва марифий дунё билан хамкорлик йули. Т. Узб. 2003й. 34б.

sin'diriwi za'ru'r.

Bizge belgili SHıg'ısta atap aytqanda Orta Aziya sharayatında jamoat bolıp jasaw кen'nen orın alg'an. Usı esaptan xalqımızdın' turmıs ha'm oy piкiri sezimine, jasaw ta'rizine na'zer taslasaq, basqalarg'a usamaytug'ın, mın' jıllar dawamında qa'liplesкen teк o'z-ara g'ana qatnas emes, basqada tarawlarda da bir qatar o'zine ta'n pa'ziyletlerdi кo'remiz. Qatnastag'ı mehr-muxabbat, mehr-shapag'at, qa'dir-hu'rmet, miyirmanlıq, bir-birin qollap-quwatlaw usag'an кo'rinisler turmıs ta'rizimizdin' ajıralmas bo'legine aylanbaqta. Bul кo'rinis burıng'ı jasap o'tкen ullı danıshpanlar, u'lкen oy-piкir iyeleri, ata-babalarımız qaldırg'an biybaxa miyras bolıp tabıladı.

Ullı danıshpan oyshıllar, filosoflar erкin piкir ju'ritiwshiler Alisher Nawayı, Rudaкiy, Abay, Maqtumqulı, Berdax, A'jiniyaz ha'm tag'ı basqalar o'z do'retiwshiligi menen teк eкi da'riya aralıg'ındag'ı xalıqlardı g'ana emes, al pu'tкil insaniyat perzentlerin mudamı mexr-muxabbatlı, dos-tuwısqan, bolıp jasawg'a shaqırg'an a'lbette biyкarg'a emes.

Burıng'ı o'tкen ullı oyshıllar, piкir ju'ritiwshiler din ma'selesine de кo'p a'hmiyet berip onın' ha'r qıylı ta'replerin analizlep кetкen. Jer ju'zliк dinlerdin' biri bolg'an islam dinindegi onı taratıwshılardın' ha'reкetindegi bir qansha unamsız кo'rinislerdi ashıq aytıwı menen bir

qatarda, ondag'ı gumanistlik, joqarı a'dep-ikramlılıq ideyalar menen teren' filosofiyalıq ta'liymatlardıda o'z miynetlerinde ko'rsetip ketken.

Orta Aziya xalıqları erkin pikirliligi tarıyxın gu'zetiw sonı da'lilleydi, bul erkin pikirliliktin' mazmunı, da'rejesi, ma'deniy baylanısları, tu'rli xalıqlar ortasında ma'deniy baylıqlar menen almasıw jag'dayı menen de tıg'ız baylanıslı ekenligin ko'rsetedi.

Orta Aziyada sol esaptan o'zbek xalıqının' erkin pikirliligi tarawında qaldırg'an bay miyrası ma'mleketimiz xalıqlarının' ko'p tu'rli ma'deniy, ilimiy filosofiyalıq baylıqlarına qosqan a'hmiyetli u'les esaplanadı. Ol xalqımızdın' ha'r dayım en' awır feodalizm sharayatında, diniy dogmalar tolıq hu'kimran bolg'an da'wirlerde de toqtawsız erkinlik, ilim ma'rifat ushın gu'resip kelgenligin ko'rsetedi.

Usı menen birge biz usı erkin pikirlilik tarawındag'ı bay miyrasımızdı ha'r tamanlama u'yrenip, bu'gingi ma'mleketimiz demokratiyalıq ja'miyet qurıp atırg'an da'wirde olardın' ullı ideyalıq pikirlerinin' a'hmiyetli tamanların ulıwma ideyalıq ma'na'wiy rawajlanıwımzdın' a'hmiyetli qurallarınnan biri boladı dep esaplaymız.

Ma'na'wiy rawajlanıwdı, ma'na'wiy erkinlikti ko'rsetiwshi belgilerden biri – bul pikirler, qaraslar, usınıslardın' ko'p tu'rliligi, (plyuralizm) bul bir waqıtta yamasa tosattan bolatug'ın jag'day emes, ol ba'lki ja'miyettin' rawajlanıwın belgilewde en' maqul ha'm qurallardı ta'miyinlewdin' a'dettegi a'meliyatına aylanıwı bolıwınan ibarat.

Erkin pikirlewge, haq xuquqımızdı, tilimizdi, tarıyxımızdı, ma'deniyatımız ha'm qa'diryatlarımızdı biliwge, milley sana, milley tuyg'ularımızdın' qayta tikleniwine ken' imkaniyatlar jaratılmaqta

## Пайдаланыл2ан 1дебийатлар.


1. И.Каримов. %з келешегимизди 5з 3олымыз бенен 3урып атырмыз. Н5кис №ара3алпа3стан 1999jıl.
2. И.Каримов. Биздан озод ва обод Ватан 3олсин Тошкент. %збекистон 1996йил.
3. И.Каримов. Исти3лол ва манавийат. Тошкент. %збекистон 1994йил.
4. И.Каримов. Халоллик ва фидойилик-фаолийатимизнинг асосий мезони булсин. Тошкент.%збекистон 1994йил.
5. ИКаримов. Тарихий хотирасиз келажак йо3. Тошкент «SHarx» 1998йил.
6. И.Каримов Оллох 3албимизда йурагимизда. Т.%збекистон 1999йил.
7. И.Каримов. Жамийатнинг мафкураси хал3ни – хал3 миллат келажагига хизмат етсин. «Tafakkur» jurnal 1998йил. №2.
8. И.Каримов. %збекистон муста3ил тара33ийот йулида. Тошкент. %збекитон 1994йил.
9. И.Каримов %збекистон XXI-асрга интилмо3да. Т. %збекистон. 1999йил.
10. И.Каримов Миллий исти3лол маф3ураси – хал3 ети3оди ва буйук келажакка ишонс8дур. Т. %збекистон 2000йил.
11. И.Каримов Йангис8а фикрлаш ва ишлаш – давр талаби. Т. %збекистон 1997йил.
12. И.Каримов. Инсон, унинг ху3у3 ва еркинликлари олий 3адирйат. Т. %збекистон 2006йил.

13. Жабборов. Ш Манавийатнинг фалсафий 3ирралари. Марифат 1996йил. 20-нойабр.
14. О.Абдуллажанов. Диний ахидапарастликнинг келиб с8и3иши, мо3ийати ва %збекистонга кириб келиши. Т «Академiya» 2000йил.
15. А.Мухтаров. Шахс тарбийасида миллий 2ойа ехтийожи ва манфаатлар уй2унлиги. Тошкент. «Йанги аср овлоди» 2003йил.
16. Абдирахим Еркаев. Миллий 2ойа ва манавийат. Тошкент «Манавийат» 2002йил.
17. Абдурахим.Эркаев. %збекистон йули. Тошкент. «Манавийат» 2011йил.
18. Хайруллаев. М. Уй2ониш даври ва шарх мутафаккурлари. Тошкент. «%збекистон» 1991йил.
19. Т.Изимбетов, Г. Изимбетова. Дин 81м ру7хыйлы3 Н5кис. 1998жыл
20. Т.Изимбетов. Д6нйа2а жа4аша к5з3арасты 31липлестири7ди4 социаллы3-сийасий 81м илимий теорийалы3 тийкарлары. Н5кис «Bilim» baspası 1998jıl.
21. Урта Осийо хал3лари хурфикирлиги тарихидан. Тошкент. «fan» 1990yil.
22. M.Yaкubov, S.Abaev. Demoкratiya ha’m din. No’кis 1998jıl.
23. Filasofiya, milliy ideya ha’m jaslar ta’rbiyası. Respubliкa ilimiy praкtiкalıq кonferentsiyasının’ toplamı. No’кis. 2011jıl.